


MARWADZO EKUZVARA

 Ngatikotamisei misoro yedu.

² Mwari Vanodikanwa, tinotenda zvikuru nokuda kwekudururwa kukuru kweHupo hweNyu, pakati pedu, nechekare. Uye tiri kuzvitarisira izvi, zvapakfuurira, muhuwandu, masikati ano. TinoKutendai nokuda kwechimbo ichi chakaisvonaka kubva kumudzimai Mukristu akarurama achangobva mukuimba chimbo ichi; uye neMweya weNyu waburuka, pamwe nedudziro yacho. Ishe, ngazvive saizvozvo, tanamata. Uye, Mwari, ndinonamata kuti Muzoropafadza mumwe nomumwe wedu, uye dai moyo yedu yazadzwa nemufaro patinoona izvi zvichiitika.

³ Mwari Vanodikanwa, tinonamata, masikati ano, kana paine vamwe pano vasina kugadzirira kusangana neMi, dai ino ikava nguva iyo yavachaita sarudzo iya yokupedzisira vogouya maMuri, kubudikidza noKuzvarwa patsva. Zviitei.

⁴ Tiropafadzei tose, Ishe, isu tanga tiri munzira kwenguva yakareba. Tinonamata kuti Mugotidzidzisa zvinhu zvitsva kubudikidza neShoko reNyu. Tipeiwo kunzwisisa kuri nani kubudikidza neMweya weNyu, Ishe. Dai Akauya kuzodudzira Shoko. Mududziri mumwe oga watiinaye ndiye Mweya. Tinonamata kuti agozviita kwatiri, nhasi. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

[Imwe hanzvadzi inotanga kuporofita. Chibenga patepi—Mupepeti.]

⁵ Izvozvo zvakakwana. [Imwe hama inotaura kune imwe hama—Mupepeti.] Inguva yakadiniko! Handizivi imwe nzvimbo iri nani yokuva pairo, kunze kwekunge kuri Kudenga, nokuti tiri kutonzwa chizoro chaRo iko zvino, munoona, kugara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga muna Jesu Kristu, kuungana munzvimbo dzeKumatenga.

⁶ Mwari varopafadze Hanzvadzi Florence! Uye vari kupfuura nemunguva dzekusuwa, nemimvuri; baba vavo vachangobva mukutorwa. Uye ndi—ndinonamata, “Mwari, ropafadzai mwana yuu.”

⁷ Uye Hama Demos, mutoro pamafudzi ari maviri, pamwe nemutoro wemisangano yose iyi nezvinhu. Vanoda minamoto yeduwo, zvakare. Mwari varopafadze hama Shakarian!

⁸ Hama Carl Williams, zvirokwazvo ndiri kufara kuva pano mumusangano uno nemi, pakati pehama dzose idzi dzakanaka. Uye ndava nemukana wekusangana nevamwe. Uye zvino ichi ndicho chikamu changu chokupedzisa musangano, sokuziva kwangu, saka, handiti, ndinotarisa zvino kuchikwanisa

kukwazisana nevamwe vevarume vakanaka ava, uye—uye nekusangana navo, nokuti ndinotarisisira kugara muna Zienda nakuenda pamwe chete navo, mu—muNyika iri nani.

⁹ Chimwe chi—chinhu chiduku, ndinotarisisira kuti handizotadza kunzwisiswa. Uye haasi masanga, handifungi, nokuti ndi—ndinofunga kuti zvanga zvakarongwa, kuti nezuro ndakapiwa chipo neimwe shamwari pano, kubva kushamwari yangu, Danny Henry. Ndiye mukomana uya... Rimwe zuva, mumusangano weveChristian Business Men muCalifornia, ndainge ndiine mu—musangano. Ndainge ndiri kutaura zvakaomarara zvikuru zvichipikisana nemamiriro echi—chinhanu chenguva.

¹⁰ Uye ndi—ndinotarisisira kuti munhu wose anozvinzwisisa, handina chakaipa mumoyo mangu. Handizvo. Kwete. Muchanzwisisa zvemazvirokwazvo kuti handisi kuzvireva nenzira iyoyo. Asi ndinongofanirwa kutaura zvinenge zvauya kwandiri kuti nditaure.

¹¹ Zvino mushure maizvozvo, muchinda muduku uyu, hama yechiBaptisti... Uye ndinofunga kuti ihama yemumwe mutambi wemumabhaisikopo. Zvino akauya kuzondimbundira neruoko rwake, achiti, “Ishe vakuropafadzei, Hama Branham. Ndiri kungoda kuisa munamato.” Zvino akabva atanga kutaura nechifrench. Uye mukomana uyu haatombozivi kana shoko rimwe rechifrench.

¹² Zvino pane mumwe akasimuka, mumwe mudzimai ainge mufemu. Anobva ku... Ndinotenda kuti aibva kuLouisiana. Akati, “Chifrench.”

Zvino pakava nemumwe murume neche uko, akati, “Chifrench.”

¹³ Zvino vakange vanyora pasi zvazvaive. Ndine rugwaro rwepakutanga pano. Uyezve, zvakaitika kuti, mumwe mujaya akafamba achibva kumashure, achiuya mberi, achida kuona zvinyorwa zvavo. Zvino iye ndiye aive muturikiri wechifrench weU.N. “Chifrench chaicho-icho.”

¹⁴ Zvino ndinoda kuverenga rugwaro urwu. Urwu ndirwo rugwaro rwacho rwakanyorwa nemumwe wavo, uye rwakabva kurumume uyu akanga adudzira. Ndinogona kutadza kudana zita rake vakanaka. Le Doux, Victor Le Doux, murume uyu muFrench akakwana. Zvino, herinoi shoko racho.

Nokuda kwekuti wakasarudza nzira nhete, nzira yakaomarara, wakafamba sokusarudza kwako, wakatora sarudzo chaiyo uye yakananga, uye iNzira yaNgu. Nokuda kwesarudzo huru iyi, chikamu chikuru cheDenga chakakumirira. Isarudzo yakaisvobwinya yawakaita! Iyo iyi, pachezvayo, ndiyo iya ichazopa, pamwe nokuita kuti zvizoitika, zvekukunda kukuru muRudo rwaMwari.

15 Pandakazviwana...Munoziva, pandakatanga kunzwa vanhu vachitaura nendimi, ha—handina chandakatsoropodza, munoono, nokuti ndakazviona zviriro zvechokwadi. Asi, nguva dzose ndainetseka. Asi izvi pazvakaitika, uye ndichiziva kuti kutumwa kwakanga kwakaita sei, seri kwako, nda—ndakaziva kuti zvakaiva kuna Mwari.

16 Zvino, mukoma wake agere pano, gweta cha—chairo rinonyatsozivikanwa, andipa chipo chava kuna Danny. Danny achangobva kuNyika Tsvene. Aive arere pabwiro, mubwiro, waro, apo Jesu akanga aradzikwa mushure mokufa kwaKe. Zvino paakadaro, anoti akatanga kundifunga. Zvino—zvino Mweya waShe wakauya paari, ndokuenda kuGomo reKarivhari apo pakaitika chitiko chekuroverwa, ndokutora chimedu chedombo. Zvino akadzoka ndokubva andigadzirira macuff link maviri kubvapo. Zvino ndinonyatsoakoshesa.

17 Uye zvino, izvi, saizvozvi, Danny haazvize. Asi, mangwanani ano, apo ndanga ndiri pamunamato, ndazongotarisa macuff link aya, zvino rimwe nerimwe rawo, kana mukacherechedza, rine makwapa eropa, uyewozve rine mutsara wakatwasuka unopfuura nemune rimwe nerimwe rawo. Zvino pano mushoko raakapa richibva kuna Mwari, renzira yakatwasuka, nhete. Kuti zvanyatsoenderana, nemazvo! Ndakafunga kuti ranga riri rombo rakanaka. Kana kuti, ndinotenda zvikuru Danny. Mumutaurire, hama, kuti ndinonyatsozvikoshesa. Uye chisha...Chimwe chinhu chinoshamisa, ndabvunza mudzimai wangu mangwanani ano pandapfeka shati, yanga ichifanira kunge ine macuff link, zvino iye ati, “Ndakanganwa kuunza macuff link ako,” saka Ishe vanga vaine mamwe avandiunzira.

18 O, upenyu hwakabwinyiswa! Handizvo here, hama? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kungofamba muhunoro hwe—hweEvhangeri! Nyangwe zvakadaro, muhunoro hwaRo, ndiRo chinhu chikurusa chandinoziva. Hapana chandinoziva nezvaRo. Uye nokuti Rakaitwa rakanyorova, kuti ndiwane mukana wekupinda maRiri, munoono, zvakarewo, nenyasha dzaMwari.

19 Zvino, masikati ano, handisi kuda kutora nguva yakawanda, nokuti ndinoziva kuti muri kuenda kumachechi nhasi manheru. Ndinofunga kuti, imi mose vaenzi vari pano munofanira kutarisa kuno papuratifomu, onai vashumiri ava, uye vari, o, vachafara kuva nemi mushumiro yavo yamanheru ano. Vachakuitirai zvakanaka. Pasina kupokana maenda kune imwe Sunday school mangwanani ano muguta. Zvino apo tiri kuva nemagungano aya, uye ari eFull Gospel Business Men, ndinofunga kuti tinofanira kupa rutsigiro rwedu rwose kumachechi edu, nokuti ndiko kunoenda hama dzedu dzezvemabhizimisi. Uye, zvino, imba yaMwari, uye ndinotarisa kuti muchashanyira imwe chechi nhasi manheru.

²⁰ Mangwana manheru ndipo pari kuvharwa musangano, ndinotenda, uye ndinofungidzira kuti vazivisa mutauri. Nokuti, ndichange ndiri pano, Ishe vachitendera, kuzonzwa mharidzo yake.

Mwari varopafadze mumwe nomumwe wenyu.

²¹ Zvino, ndiri, handizviti ndiri muparidzi. Ndi—ndinenge. . . Handina fundo yakakwana yekuti ndingazviti ndiri muparidzi. Muparidzi, ukataura kudaro, vanotarisisira kuti unge uine madhigirii akati kuti emukoreji. Zvino—zvino handina chinhu chandinacho kunze kwechimviriri *iChi*. Maona? Ndinoedza kutevera makwai anorwara, kana ndakwanisa, kuadzosa zvakare kumafuro aBaba.

²² Kana ndikakanganisa, ndiregerereiwu. Handisi mudzidzi webhaibheri. Handitsoropodze mudzidzi webhaibheri. Dzidzo yebh- . . . Dzidzo yebhaibheri yakanaka. Ndiyo yatinoda. Asi dzimwe nguva ndinotsoropodza chinhanu chatapinda machiri. Hazvisi kureva mumwe munhu. Inongori Mharidzo. Ndi—ndinoshuva kuti dai ndanga ndisina kuzvipiwa kuti ndiipe. Zvinonditsemura kuita zvidimbu-zvidimbu, nokuti munoziva manzwiro aunaita kuvana vako. Maona? Hauvenge here paunofanirwa kutuka mwana, kumutsiura zvakasimba, kanawo zvimwe, zvakadaro? Ndiri muberekiwo, zvakare, uye ndinoziva zvazvinoreva. Uye ndi—ndinovimba kuti munondiregerera.

²³ Uye ndinoda kuti multe sezvizvi. Pamunenge makagara, masikati ano, ndinoda kukukumbirai chimwe chinhu. Ndinongori nezvinyorwa zvipfupi, zvishoma pano. Sezvandakutaurirai, ndinofanirwa kuita izvi, kunyora Magwaro angu. Zvaiitika kuti, ndaitopotsa ndataura Bhaibheri rose nemusoro, asi kwete iye zvino. Ndakapfuura nemuhondo dzakawanda dzakaomarara, ndakwegura kuti ndichadaro. Asi ndinovimba kuti—kuti muchanditeerera kwechinguvana, masikati ano, ugonyatsozarura moyo wako ugoedza kunzwisisa zvandiri kupinda mazviri. Zvino ndinofunga kuti zvinenge zviri nani, kunyanya vafundisi vemuguta nenzvimbo dzakasiyana-siyana. Ndi—ndinovimba kuti muchanyatsoteerera.

²⁴ Zvino iwe chiita saizvozvo, ita seizvo zvandinoina kana ndichidya pai yangu yandinodisisa, cherry. Imwe yenyama yandinofarira, huku. Asi kana ndiri kudya chimedu chakanaka checherry pai zvino ndikasvika pamhodzi, handimire kudya pai. Ndinongorasira mhodzi kunze, ndoramba ndichidya pai. Maona? Ndikasvika pabvupa rehuku; handirase huku yacho. Ndinongorasa bvupa.

²⁵ Saka, ko kana ndikataura chimwe chinhu chausingawirirane nacho, nguva ipi zvayo? Ingorasa chikamu ichocho choga. Uye, asi, nyatsoritarisisa zvakakanaka, uve nechokwadi kuti ibvupa, zvino. Maona? [Ungano inoseka—Mupepeti.] Uyezve regai nditi

zvakare, kana iri Mbeu, rangarira, Inounza Upenyu hutsva. Saka nyatsotarisisa zvakanaka, uye Mwari vakuropafadzei.

²⁶ Hama Carl Williams vakataura chimwe chinhu umwe usiku hwakapfuura maererano nokuva takasununguka, kunamatira vanorwara, zvinezenge zvakanaka kwazvo. Ndinoziva kuti zvinenge zvakanaka. Asi tinongo...hatina kusungirwa pano nokuda kwazvo, kuti tiunze mutsara wekunamatira. Uye handizive kana Hama Oral, kana mumwe wedzimwe hama akambova nemitsara yokunamatira mumisangano kana kuti kwete. Handizive. Ndakambozvedza, kaviri kana katatu. Asi, kazhinji, kana unganano yakaita seino, unofanirwa kupa makadhi omunamato, munoona, kuitira kuti ugozviita. Nokuti, haungakwanise. Haisi nhandare yemutambo. Imba yaMwari. Maona? Yakakumikidzirwa izvozvo. Uye isu...Vanomanikidza nokusairira. Zvino uine makadhi, unovaisa mumutsara, zvine hurongwa.

²⁷ Saka Billy andibvunza, akati, “Ndoendako here ndonopa makadhi? Vanhu vari kundikumbira makadhi omunamato.”

²⁸ Ndati, “Kwete, Billy. Rega tingosiya Mweya Mutsvene achiita zvaAnenge achida kuita.” Maona? Izvozvo, munoona, zvino kwava kuMurega zvichida pamwe asimudzire kutenda, zvino mogopodzwa ipapo chaipo pamunenge muri. Maona? Asi ma...Munoona?

²⁹ Kupodzwa naMwari chinhu chiduku muEvhangeri. Uye haukwanise kusimbirira pachinhu chiduku. Munhu wese anozviziva izvozvo. Asi vano...Chinhu chinokwezva chinoshandiswa kuita kuti vanhu vatende muHupo hwemweya, kana Mwari, zveMweya zviri pano. Uyezve, naizvozvo, kana vakakwanisa kucherechedza Hupo hwaKe, zvino vanobva vapodzwa, munoona, nokutenda, vachiZvitenda.

³⁰ Zvino ndine zvimwe zvandiri kuda kuverenga kubva muShoko raMwari, Testamende Itsva. Zvino ndinoda kutora chikamu chemagwaro kubva muTestamende Itsva ino, nepaGwaro iri, ndotaura masikati ano pamusoro pechidzidzo kwechi—chinguvana. Handisi kuda kukuchengetai kwenguva yakarebesa kuitira shumiro dzemanheru ano. Asi rangarirai, ndine tariro yekuti ndataura zvakajeka. Chingozvitarisaisai kwechinguvana, kana muchikwanisa.

Iye zvino, tisati tazviita, ngatikotamisei misoro yedu zvakare.

³¹ Munoziva, tinogona kuimba zvakanyanyisa. Tinogona kudanidzira zvakanyanyisa, kusvikira tashoshoma. Uye tinogona kuimba panguva isiri iyo, kana kudanidzira panguva isiri iyo. Asi pane chinhu chimwe chete, hatife takabuda muhurongwa kana tiri kunamata. “Ndingada kuti vanhu vanamate kwese-kwese, vachisimudza maoko matsvene, pasina kupokana.” Kana...

³² Baba, ndiwo mukana mukurusa uyo munhu anofa ati ambowana, wokuti avhare maziso ake ogozarura moyo wake, ogotaura neMi. Uye tinoziva kuti Munonzwa, kana tikangozvitenda kuti Munonzwa. Nokuti Jesu akati, “Kana mukakumbira chinhu chipi kuna Baba nemuZita raNgu, munochiitirwa.” Paive nezvirango, kana tikasazvipokana. Saka, Baba, tibatsirei kutenda, masikati ano, kuti zvikumbiro zvedu tichazvigamuchidzwa. Uye dai pakasava kana nemumvuri mumwe wekupokana, kwese-kwese. Asi dai zvikazadzikiswa, zvinhu zvatiri kukumbira. Uye izvi, Mwari, kuitira kuti Zita reNyu guru rikudzwe nhasi, kuti muunze muHumambo hweNyu wese akarasika nemweya iri kutetereka iyo iri pasi peruzha rweizwi redu, kana tepi ino kwaichasvika, kunze uko munyika dzevahedheni, uko kwaanoenda achipoterera nyika.

³³ Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti pasave nemunhu ane hutera pakati pedu nhasi. Kana shumiro ichinge yapera, dai Ishe Mwari vakaponesa mweya wose wakararika, nokupodza mutumbi wose uri kurwara, nokuzadza moyo yevana vaVo nomufaro. Ndokusaka tiine kutenda, Ishe, kukumbira nemuZita raJesu, kuna Mwari Baba vedu, nokuti Vakavimbisa kuti Vanozonzwa. Uye izvi kuti Vapiwe mbiri. Amen.

³⁴ MuVhangeri yaMutsvene Johane, chitsauko 17, tichitanga nevhesi ya 20, ndinoda kuverenga semu—musoro wenyaya. Ndinofunga kuti ndizvozvo.

*Handinamatiri ava voga, asi avo zvakare vachatenda
maNdiri kubudikidza nemashoko avo;*

Kuti . . .

³⁵ Ndinotenda kuti ndaenda panzvimbo pasiri ipo. Zvino, ruregerero kwechinguvana. Ndiri kutsvaka munamato waJesu uyo. . . Kana kuti, kwete munamato waJesu, waro, asi waKe. . . Ndinogona kunge ndanyora pano pasi paRugwaro rwangu zvinhu zvisiri izvo. Ndeapo Jesu akanamata kuti. . . kana paaitaura kuti semudzimai ari mumarwadzo ekuzvara mwana wake, kuzvara, kuzvara mwana.

³⁶ Ndemuna Ruka here kana Johane? Jack, zvirira muna ani? [Mumwe munhu anoti, “Johane 16.”—Mupepeti.] 16 yaJohane. Ndafunga kuti ndizvozvo, asi hazvina kunzwika sezvakafanana naizvozvo. Johane 16. [“Vhesi ya 21.”] Vhesi ya 21. [Mumwe anoti, “Hongu.”] Ichokwadi, vhesi ya 21. Chokwadi. Hepanoi. Johane, Mutsvene Johane 16:21.

Kuti vago . . . zvichida . . .

³⁷ Kwete, Hama Jack, nazvino handizvo. [Mumwe munhu anoti, “Edzai Johane, vhesi 21.” Mumwe anoti, “21.” Mumwe anoti, “Vhesi 21 ya 16.” Mumwe anoti, “16.”—Mupepeti.] Imakumi maviri—. . . 16:21. Ndawana chitsauko 16 chaMutsvene Johane, vhesi ya 21. Asi i. . . Ndakanganyisa here? [Imwe hama inoti, “Mudzimai mumarwadzo, ndizvo zvazviri.”]

³⁸ Saka, pane zvakavhiringika umu, zvakavhengana muBhaibheri iri. Hongu, changamire. [Imwe Hama inoti, “Vaka—vakakanganisa kuridhinda.”—Mupepeti.] Vakakanganisa kuridhinda. Hongu, changamire. [Ungano inoseka.] Munozivei? Ndicho chokwadi chaicho. Herinoi iri Bhaibheri idzva. Ndichangoriwana. Zvino rine—rine ma... Rakadhindwa zvisiri izvo. [Bhaibheri reScofield reHama Branham raiva nemapeji 1138-1139 akanamatirana pamwe chete. Inzwai *Zuva Rino Gwaro Iri Razadzikiswa* 65-0219.]

³⁹ [Mumwe muprisita muarchbishop weKatorike aive amire papuratifomu, Rev. John S. Stanley, anouya mberi ndokupa Bhaibheri rake kune Hama Branham, ndokuti, “Ingo—ingotura befu. Pane chikonzero chazvaitirwa, uye unozviziva. Mwari vachakuratidza chimwe chinhu chokuburitsa kubva pazviri, zvinoisvoshamisa.”—Mupepeti.] Zvakanaka. [“Chingoshandisai rangu ipo pano, hama.”] Maita henyu. Maita henyu, zvikuru. 16:21. Maita henyu, zvikuru. Ichokwadi.

Mudzimai kana ave...

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Kuti muchavata, mucharira nokuchema imi, asi nyika ichafara: imi muchanzwa shungu,...shungu dzenyu dzichashanduka kuva mufaro.

Mukadzi kana a—achisununguka ane shungu, nokuti nguva yake yasvika: asi kana apona mwana, haachafungi zvakare...kutambudzika—kutambudzika, nokufara kwake nokuti mwanakomana waponerwa panyika.

⁴⁰ Maita henyu, zvikuru, hama yangu. Zvirokwazvo ndinozvikoshesa. [Hama Branham vanodzorerera Bhaibheri kumuprisita weKatorike—Mupepeti.]

⁴¹ Zvino, uku zvemazvirokwazvo kukanganisa kudhindwa kuri muno muBhaibheri; peji yakakanganiswa kuiswa. Zvino ndangozwiwana Mubhaibheri rangu rekare reScofield, ndokutora iri ndokumhanya naro kuno, nguva shoma yapfuura, nokuti mudzimai wangu achangondipa irori sechipo cheKisimusi.

⁴² Zvino, ndinoda ku—kutura masikati ano pamusoro pechidzidzo chandazivisa: *Marwadzo Ekuzvara*. Zvino, zvinonzwika sezvakashata zvikuru, asi zviri muBhaibheri.

⁴³ Ndinotenda kuti pano apa Jesu aitura pamusoro peizvo, apo Akati, “Muchava nekusuwa, asi kusuwa kwenyu kuchashanduka kuva mufaro,” achitura kuvadzidzi vaKe pano, achiziva kuti kubarwa kwe—kweChikristu kwaive kwave kuitika. Zvino zvakare zvinofanira kufa, kuitira kuti zvitsva zvizvarwe. Kuva nechinhu chose chinozvara, panofanira kuva nemarwadzo okushushikana. Uye zvirokwazvo vaive vachizopfuura

nemumarwadzo okushushikana nokurwadzikana, kubva pamurairo kuenda kunyasha.

⁴⁴ Kuberekwa kwemazuva ose, kwepanyama kunofananidzira Kuberekwa kwepamweya. Zvinhu zvose zvepanyama mifananidzo yezvepamweya. Uye tinoona kuti, kana tikatarisa pano pa—pasi, toona muti panyika, uchikura, uri kushingairira kurarama. Izvozvo zvinoratidza kuti pane mumwe muti, pane imwe nzvimbo, usingafe, nokuti uri—uri kuchemera chimwe chinhu.

⁴⁵ Tinoona vanhu, zvisinei kuti vakura zvakadini, vanorwara zvakadini, chinhanu chakadini, vari kuchemera, kurarama, nokuti zvinoratidza kuti pane upenyu kune imwe nzvimbo uko kwatinorarama, kwatinorarama nokusingaperi. Cherechedzai kukwana kwazvakaita.

⁴⁶ Zvino, muna Johane Wokutanga 5:7, ndinotenda kuti ndipo, kana ndisiri kukanganisa, Rakati, “Pane zvitatu zvinopupurira Kudenga: Baba, Shoko, neMweya Mutsvene; zvitatu izvi chinhu Chimwe. Pane zvitatu zvinopupurira panyika, imvura, Ropa, neMweya, uye zvinowirirana muchinhu chimwe.” Zvino cherechedzai. Zvitatu zvokutanga *chinhu* Chimwe. Zvitatu zvechipiri ndezvepanyika, *zvinowirirana* muchinhu chimwe. Haukwanise kuva naBaba usina Mwanakomana; haukwanise kuva neMwanakomana usina Mweya Mutsvene. Asi unogona kuva nemvura usina Ropa, uye Ropa usina Mweya.

⁴⁷ Ndinofunga kuti, kubudikidza nemumazera edu, zvakaraidza kuti izvi ichokwadi; mvura, Ropa, Mweya; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinofananidzira, kana kuti zvinoita . . . kana kuti, chiri kufananidzirwa chacho, chinotora kubva pakuberekwa kwepanyama.

⁴⁸ Tarira apo mu—mudzimai kana chipi hacho chiri mumarwadzo, ekuzvara. Chinhu chokutanga chinoitika, kupamuka kwemvura, kuzvara kwamazuva ose; chinhu chechipiri iropa; zvino tevere upenyu. Mvura, ropa, mweya; zvino ndizvo zvinogadzira kuzvara kwamazuva ose, kwepanyama.

⁴⁹ Zvino ndizvo zvazviriwo muchiyero chemweya. Imvura; kururamiswa nokutenda, kutenda muna Mwari, kuMugamuchira seMuponesi wako pachako, nokubhabhatidzwa. Chechipiri, kucheneswa kwemweya, kuti Mwari vanochenesa mweya kubva kuzvinhu zvose zvenyika, pamwe nechishuwo chenyika. Zvino Mweya Mutsvene unozouya imomo wosvikopa Kuberekwa patsva pamwe nokuzadza mudziyo wakacheneswa.

⁵⁰ Tingangoti, sezvizvi. Zvino, nokuti, ndakutaurirai. Zvamusingatendi, zviisei padivi, zvino motora pai. Cherechedzai. Zvino, gi—girazi riri uko muchikwere chehuku.

Haungoritori wobva wariisa patafura yako worizadza nemvura kana mukaka. Kwete. Kuritora ikoko, kururamiswa. Kurigeza, kucheneswa, nokuti shoko rechiGiriki rokuti *kuchenesa* ishoko rinoreva zvakawanda, rinoreva kuti “kugezeswa, nokutsaurirwa padivi kuti uzoitiswa basa.” Kwete *kuve* pabasa; *kuzoitisa* basa. Zvino paunorizadza, rinobva raiswa pabasa.

⁵¹ Ruregerero pane izvi zvino, handisi kuda kugumbura. Ndipo apo imi maPilgrim Holiness, maNazarene munokundika kufambira mberi muchipinda muPentecosti. Makagezeswa nokucheneswa; asi pamakanga magadzirira kuchishandiswa, nezvipo zvekutaura nendimi nezvimwewo zvinhu, makazviramba, ndokudonhera muchikwere zvakare. Maona? Zvino, ndizvo—ndizvo zvinoitika. Nguva dzose ndizvo zvazvinoita.

⁵² Zvino, ndisiri kukutsoropodzai zvino, asi ndi—ndiri kungoda kuzvibvisa pamoyo wangu. Uye zvanga zviri kundipisa kubvira pose apo ndanga ndiri pano, saka regai ndichingozvita. Toti, kana dziri nyasha dzaCarl, naDemos nevamwe, nedzenyu mose, ndi—ndichaedza nokukwanisa kwangu kwese kudzikinura mweya wangu kubva pazviri, munoono, zvino zvinenge zvave kwamuri.

Zvemazuva ose, zvichifananidzira zvepamweya.

⁵³ Zvino, tinoona zvino kuti, anobarwa zvizere. Kana mwana, kazhinji. . . Kana mvura yapamuka, hapana zvakawanda zvaunogona kuita nezvazvo. Zvino kana ropa richinge rabuda, hapana zvakawanda zvaunogona kuita nezvazvo. Asi, kuti ugone kuwana upenyu mumwana, ufanira kumurova, womuita kuti azhambe. Zvino ndizvo. . . Zvino, nokuti handina kudzidza, sehama dzangu dziri pano dzakanyatsodzidziswa kwazviri, zvekwavo, asi ndinotofanirwa kutora zvisikwa kuzvifananidza. Zvino hezvo izvo. Ndizvo zvakaitika. Zvakatora kurohwa chaiko, kuti ndisvitse izvi kwavari.

⁵⁴ Zvino, unotoro kamwe kaduku, kanenge kakuvhundutsa. Pamwe, hazvidi kuti umurove, asi kungomuvhundutsa zvishoma. Iyo nyaya yokuti ari kuzvarwa, dzimwe nguva, inozviita. Mubate nesimba, womuzunza. Akasatanga kufema, murove zvishoma, zvino anobva arira, nendimi, pachake ega, ndinofungira kudaro. Asi, iye—iye, zvakadaro, zvino ave kuita ruzha.

⁵⁵ Zvino ndinofunga kuti mwana aka—akazvarwa pasina kupfakanyika, pasina ruzha, pasina manyawi, mwana iyeye akafa.

⁵⁶ Ndiro dambudziko rine chechi nhasi, hurongwa; tine vana vakawanda vanobarwa vasingapfakanyike. Ndizvozvo. Vanoda kurohwa neVhangeri, munoono, kuitira kuti uvamutse, kuti vapepuke, kuitira kuti Mwari agofemera mweya weUpenyu

mavari. Zvino tinozviona kuti ndezvemazvirokwazvo. Idzidzo yebhaibheri isina kutsetseka, asi iChokwadi, zvakadaro.

⁵⁷ Saka, cherechedzai, pakubarwa kwembeu, mbeu yekare inofanira kufa itsva isati yabarwa. Saka, naizvozvo, rufu rwakaoma, nguva dzose. Saka, rwunorwadza. Rwune kushushikana. Zvimwe chete nokubarwa, nokuti uri kuunza upenyu munyika, uye zvi—zvinorwadza.

⁵⁸ Jesu akati Shoko raKe iMbeu iyo yakadyarwa nemukushi. Zvino, tose tinozviziva. Uye ndinoda kuzvidzidzisa sechidzidzo cheSunday school, nokuti iSvondo. Cherechedzai, zvino, Shoko iri, riri Mbeu. Asi, rangarirai, mbe—mbeu iri kungounza upenyu utsva chete kana ichinge yafa.

⁵⁹ Uye ndicho chikonzero zvakanga zvakaomera vaFarisei avo kuti vanzwisise Ishe wedu Jesu Kristu, nokuti vaive pasi pemurairo. Zvino murairo waive Shoko raMwari riri muchimiro chembeu. Asi zvino Shoko parakaitwa nyama, uye rikava, kwete murairo, asi nyasha. Zvino, nyasha nemurairo hazvikwanise kurarama panguva imwe chete. Nokuti, nyasha dziri kumusorosoro kwemurairo, murairo hautombori munyaya yacho. Zvino zvakaoma zvikuru kuti vaFarisei kuti vafe kumurairo wavo, kuti nyasha dzigozvarwa. Asi unofanira kubva. Mirairo miviri iyi haikwanise kurarama panguva imwe chete.

⁶⁰ Hapagoni kuva nemurairo unoti unokwanisa kupfuura neparobhoti, mumwe uchiti unokwanisa kupfuura nepo; mumwe unoti unokwanisa, mumwe uchiti haukwanise. Iyo, panofanira kuva nemurairo mumwe chete panguva imwe. Pamwe pane imwe nguva unogona kunge wakapfuura nepo; uchichenjerera, ndokupfuura nepo. Asi panguva ino idzvuku. Mira! Maona? Nokudaro hazvikwanisike kuti pave nemirairo miviri panguva imwe chete.

⁶¹ Zvino, tinocherechedza kuti nguva dzose...Pfungwa yangu zvino kwamuri, zvinотора marwadzo, kushushikana, kusagadzikana. Tarirai kuti vaFarisei vakafa sei kumurairo, kubudikidza nemarwadzo, kushushikana, kusagadzikana. Asi zvinofanira kudaro.

⁶² Zvino, tinoona kuti mvura inonaya ichiunza michero panyika, “Inobarwa,” sokutaura kwanyanduri, “muminda yekutinhira, mumatenga asina kurongeka, akakwashaara.” Asi dai tainge tisina kutinhira nematenga asina kurongeka, akakwashaara, donhwe duku remvura inonaya rainge rasimudzwa kubva mugungwa rapatsanurwa kubva kumunyu, haraizoberekwa. Zvinотора iyo mheni, kuputika kwekutinhira; chinhu chakakwashaara, chakakwashaara, chinotyisa, kuunza madonhwe akanyorovera emvura. Zvinотора marwadzo kuunza kubarwa. Zvinотора kufa. Zvino makore paanenge achifa, mvura inonaya inobarwa, nokuti mvura inonaya chikamu chegore iri. Chimwe chinofanira kupera kuitira kuti chimwe chizovapo.

63 Zvino, hama dzangu pano, vamwe vavo vaigona, vaikwanisa kukupai mirairo yose yezvinhu izvozvo. Ini handikwanise.

64 Zvino ngatiendei kune chimwe chinhu, sehuchapupu chiduku. Ndinofunga kuti rimwe remaruva akanakisisa... Munhu wose ane pfungwa dzake pamusoro pawo. Asi ndinofunga kuti ruva rakanakisisa randati ndamboona, rinowanika kumabvazuva, hapa redu remuchidziva. Vangani vakamboona hapa remuchidziva? O, hakuna kana chakafanana naro, kwandiri. Asi makambocherechedza here kuti hapa iri raifanira kuve chii? Ndinofunga pamusoro peizvo Jesu paakati, “Cherechedzai ruva rehapa, kuti rinoshingaira nokuruka, asi zvakadaro ndinoti kwamuri, kuti, Soromoni mukubwinya kwake kwose akanga asina kushongedzwa serimwe rawo.” Nokuti, kubwinya kwaSoromoni nezvishongo zvake zvaive zvose zvokugadzira. Asi ruva rehapa, murunako rwaro, upenyu hunoriita kuti ringe rakanaka, kwete zvokuwedzera zvizorwa, kuisa pendi.

65 Sezvakangoita madzimai edu, handifungi kuti munofanirwa kuva neizvi zvose zve green, munoziva, tsiye dzekuwedzera, munoziva, saizvozvo, nemapendi ose kana—kana kuti kwete, zvinhu izvozvi ndinozvipesanisa, zvose zviri kumeso kwako, zviite kuti uve nerunako. Runako rwakangonaka sezvarwuri. Kana mukangowedzera netuMabasa 2:4, wozvisanganisa pamwe chete, netuJohane 3:16, zvinokunda zvose izvo Max Factor yakamboedza kugadzira. Maona? Murume wako anotowedzera kukuda; nemunhu wose achakudawo; uye ndine chokwadi chokuti Mwari vachakudawo.

66 “Hapa,” Akati, “funga nezvaro, makuriro aro, kushingaira, rigofanira kuzvibuditsa kumusoro.” Ruva rehapa duku iri, onai marinopfuura namo; tsvina, marara, matope, mvura dzine matope, mvura dzine tsvina. Rinozvimanikidzira nemune zvose izvozvo, aka kachizenga kaduku koupenyu, kachishingaira kubva pasi pechidziva kune matatya ne—nezvimwe, zvino rinozviunza nemuna zvose izvozvo. Asi kana rasvika muhupo hwezvava, rinobarwa. Mbeu duku inobva yazaruka muhupenyu. Haikwanise kuzviita kusvikira yatopfuura nemumatanho ose aya. Inofanira kupfuura neimomo. Ndizvo zvinoiumba, nokuti zuva pacharo ndiro rinorikweva. Zvino kana ranyatsosvika pamusoro pemvura ine tsvina, nemarara, nezvimwe zvakadaro, zvadaro rinofara zvikuru. Rinopa upenyu hwaro pachena. Uye upenyu hune runako kana richinge rapinda muhupo hweicho chiri kuri kweverera mudenga.

67 Ndinofunga kuti mufananidzo wakanaka weupenyu hweChikristu. Apo, Chimwe chinhu chinenge chiri kukukwevera kunze kwenyika, kusvikira rimwe zuva unozobarwa muhupo hwacho chaimo, kubudikidza neMweya Mutsvene. Zvakaisvonaka sei! Ukaedza kuribatsira, unoriuraya.

68 Senhiyo duku painenge iri kubarwa, munoziva, kana makambocherechedza kamwe ketunhiyo tuduku, pamusoro chaipo pemuromo wako, kana imwe shiri hayo inoberekwa kubva muzai. I—ine...Iri kukura, iri goko rezai. Zvose zvakare zvemukati mezai zvinofanira ku—kuora. Zvino inofanira kutora muromo muduku, yomara-mara ichikwidza nokudzika kusvikira yapwanya chikoko. Tinovidana kuti, kuzvichochonya, zasi kuKentucky kwandinobva. Kanozvichochonya. Havasati vawana imwe nzira iri nani. Maona? Maona? Sei? Ndiyo nzira yakapiwa naMwari. Ukaedza kumubatsira, unomuraya. Ukamubvisira chikoko, anofa. Maona? Anofanira kushanda zvine simba, nokugomera, wopamura.

69 Ndiwo maitiro anofanira kuitwa neMukristu. Hazvidi mumwe munhu anongokukwazisa neruoko, achikupinza mukati. Unofanira kurarapo kusvikira wafa, waora, zvino wozobarwa muHumambo hwaMwari. Ndiyo nzira yakapiwa naMwari. Haupindi nebhuku, kana kukwaziswa nemaoko, nokujoinha, kusimudzira, kudzikisa. U—unongofanirwa bedzi kubva muchikoko chakare. Cherechedzai, hakuna imwe nzira iri nani yavati vawana.

70 Havana kuwana nzira iri nani yokuti mwana mucheche awane zvaanenge achida kunze kwenzira yaMwari. Zvino, kana mwana muduku uyu achinge abarwa, unogona kuisa kabhero padivi rekoti yake, woti, “Mwanakomana wangu muduku, ndiri mu—mudzidzi webhaibheri chaiye. Ndakaverenga mabhuku okurera mwana mucheche. Uye, ndikutaurire, uri mwana wechimanjemanje. Wakaberekerwa muimba yechimanjemanje, nemubereki wechimanjemanje. Kana wava nenzara, kana wave kuda amai kana ini, ingoridza kabhero kaduku.” Hazvizomboshandi. Nzira yoga yokuti awane zvaanenge achida, kuzvichemera. Ndiyo nzira yaMwari.

71 Uye ndiyo nzira yatinowana nayo zvatinenge tichida, kuzvichemera. Chema. Usanyare. Iti, “Ndine nyota yaMwari.” Usaita hanyin’ a nazvo kuti madhikoni, vafundisi, kana ani aripo, zhamba, zvakadaro. VekwaJones vagere apo; zvinoita mutsauko wei? Chema, ndiyo nzira yoga yokuti uzviwane, kusvikira wawana rubatsiro. Akazvidzidzisa apo paAive pano panyika, munoziva, nezvemu tongi aitonga zvisina nduramo.

72 Donhwe duku redova, handizivi zvarakagadzirwa nazvo. Pamwe panogona kuva newesainzi pano wezve...Ndave kungozvitaure nenzira yandinofunga. Kunogona kunge kuri kubatana kwemweya wemuchadenga wakaungana pamwe chete muusiku utema, wobva wawira pasi. Zvino kana zvadaro, rinobarwa manheru. Asi mangwanani, rinenge rirerepo, richitonhora, richibvunda, riri pakashizha keuswa, kana rakaremba pamutariro wembatya. Asi ingorega zuva ringopenya kamwe, makambocherechedza here kufara

kwarinoita? Rinongobwinya nokutamba-tamba. Sei? Rinoziva kuti chiedza chezuva iroro chicharikweva chichiridzoserera kwaraive pakutanga.

⁷³ Uye ndizvo zviri murume kana mudzimai akabarwa neMweya waMwari. Pane chimwe chinhu pazviri, kana Chiedza chichinge chapararira pamusoro pedu, tinofara, nokuti tinoziva kuti tiri kudzokera kwatakabva, kubva muchipfuva chaBaba.

⁷⁴ Rinogona kubwinya nomufaro, kana zuva rarirova, saizvozvo, richiziva kuti riri kudzokera kwarakabva.

⁷⁵ Zvinhu zviduku zvisina kutsetseka, asi tinogona kuenderera nazvo, asi ngatiwanei chimwezve.

⁷⁶ Tinoziva mbeu yakare kuti, inofanira, mbeu itsva isati yakwanisa kubuda kubva mumbeu yakare, inofanira kuora, zvemazvirokwazvo. Kwete kufa, bedzi, asi kuora mushure mokunge yafa. Tinozviziva kuti ichokwadi.

⁷⁷ Ndizvo zvimwe chete noKuberekwa patsva. Hatidzokeri kumashure, asi tinoenda mberi kana uchinge wabarwa patsva. Ndicho chikonzero ndichifunga, nhasi uno, tine (kwakawanda) kwete kwakawanda, waro, Kubarwa patsva kwechokwadi, nokuti mbeu, zvichida, vanonzwira Shoko urombo kana munhu, asi havadi kuora vachibva pahurongwa hwakare hwavainge vari mahuri. Havadi kubuda mazviri. Vanoda kugara muhurongwa hwakare, vachiti vane Kuberekwa patsva, kana Mharidzo yechizvarwa. Takazviona pasi paRuther, Whisiri, maPentecosta, nemamwe mazera ose. Vanoedza kuramba vakabatirira pahurongwa hwakare, vachida iZvi. Asi zera rehurongwa hwakare rinofanira kufa, roora, kuitira kuti rigounza idzva racho. Vachiri kungoda kubatirira.

⁷⁸ Cherechedzai. Vanoziva kuti hurongwa hwakare hwakafa, asi havangodi kuora. Zvino, kuora, ndipo apo pahunenge hwabviswa. Kana a . . . Panoitwa *chitauro*, chokuti vakaBarwa patsva, asi chitauro chinongori chiratidzo chavakawana. *Kuora*, kunounza Kubarwa patsva. Unofanira kuora uchibva pahuri, sezvatakaita mune zvimwe zvose zvizvarwa, nemuna Whisiri, nevamwe vose.

⁷⁹ Asi, nyaya yacho ndeyokuti, mushure maizvozvo, Kuberekwa patsva kunobarwa. Whisiri kana kuti . . . Ruther akauya neshoko rimwe chete, “Vakarurama vachararama nokutenda.” Saka, haaigona kuramba akabatirira pahurongwa hwakare. Aitofanirwa kubuda mahuri.

⁸⁰ Zvino maCalvinisti pavakaisa chechi yeAnglican pane mamwe mamiriro, pasi pedzidziso yaCalvin, kusvikira Mwari akasimudza dzidziso yechiArminian, iyo yaiva John Whisiri. Hurongwa hwakare hwaifanira kufa, kuitira kuti hutsva hugouya.

⁸¹ Zvino pakapera zera raWhisiri, nemamwe ose mazera maduku, kana kuti tsuri dzakabuda kubva pagunde, kana muchekechera, munguva yaWhisiri. Munoono, Pentecosti payakabuda nekudzoreredzwa kwezvipo, vakatozobuda kubva muBaptisti, Presbyteriani, Pilgrim Holiness, maNazarini, Church of Christ (sokudanwa kwayo), nedzimwe dzose. Vakatozobuda kubva mazviri, ndokuora kubva kwazviri, kuti vagamuchire Kubarwa patsva.

⁸² Unogara uchinzi unopenga. Asi zvakaita sezvakataurwa naPauro paakaora kubva kune izvo zvaaimboda kumashure. Akati, “Nenzira inonzi chinamato chakatsauka, ndiyo nzira yandinonamata nayo Mwari wamadzibaba edu.” Nenzira inonzi kunamata kwakatsauka! Maona? Akanga agamuchira Upenyu hutsva, iyo Testamende yeKare yaive yabereka Itsva, zvino akatozoora kubva kune yeKare ndokuiita mumvuri. Kuitira kuti...

⁸³ Ndipo chaipo patave iko zvino. Zvino, ndiitireiwo moyo murefu. Asi ndiyo pfungwa yangu. Machechi ava nehurongwa hwekuti hauchakwanisa kupinda mune rimwe kunze kwekunge uri nhengo yaro. Unofanira kunge uine kadhi rehuhungo, kana chimwe chokuzvivivisa. Uye nokuda kwekutenda izvi, suwo roga potse-potse rasara rakazaruka ndivo ava maBusiness Men. Uye pavanenge vasingori sangano, ndinogona kufamba navo, asi, ndichizounza Mharidzo, yandinonzwa kuti iri pamoyo wangu, kuvanhu. Asi yanyatsopinda muhurongwa. Uye ndinokudai imi vanhu vechiPentecosti. Uye pentecosti haisi sangano, zvakadaro. Munogona kuzvidana saizvozvo. Pentecosti chitiko uye kwete sangano.

⁸⁴ Asi, munoono, nyaya yacho ndeyekuti, zvakaomera varume vakawanda. PavanoItarisa voItenda, voIona ichinyatsoratidzwa naMwari, muShoko, zvakadaro, zvakaoma zvikuru kuora uchibva kuchinhu icho wanga uri machiri. “Ndinozoita sei? Ko ndinowanepi chokudya changu?”

⁸⁵ Chii? Mwari ndiye chokudya chako. Mwari ndiye chinhu chokuti iwe ubatirire. “Tsvakai kutanga Humambo hwaMwari, neKururama kwaKe.” Ndichazvisiya zviri saizvozvo. Munoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

⁸⁶ Tinoudzwa nevaporofita vaMwari kuti tichava nyenika itsva, Denga idzva nyenika itsva. Kana muchida Gwaro racho, ndiZvakazarurwa 21. Ndaigona kuritaura kwamuri, ndinaro pano. Johane akati, “Ndakaona Denga idzva nyenika itsva: nokuti denga rokutanga nyenika yokutanga zvakange zvapfuura.” Yaive isisipo. Zvino, kana tichizofanira kuva nyenika itsva, nyika yakare nyenika itsva hazvikwanise kuvapo panguva imwe chete. Kana kuti, nyika itsva nyenika yakare hazvikwanise kuvapo panguva imwe chete. Hazvikwanisike kuti pave nehurongwa hwenyika huviri panguva imwe chete. Zvino,

kuti pave nenyika itsva, yakare inofanira kufa. Zvino, kana yakare ichifanira kufa, zvino iri mumarwadzo ekuzvara kuitira kuti itsva igouya zvino.

⁸⁷ Uye zvino kana chiremba aenda kunoongorora murwere anenge ari mumarwadzo ekuzvara zvino, iye...chimwe chezvinhu izvo zvinoitwa nachiremba. Icho, chandiri kutaura pamberi pevaviri kana vatatu, vandinoziva, vanachiremba vakanaka pano, vanachiremba Makristu. Zvino ndi—ndi—ndinokubvunzai izvi. Chimwe chezvinhu zvokutanga chinaitwa nachiremba, mushure mokunge ange achiongorora murwere, kuongorora nguva dzemarwadzo, marwadzo ekuzvara. Anoongorora nguva, kuti dziri pedyo nepedyo zvakadini, uye kuti rimwe nerimwe remarwadzo rinozotevera rinenge rawedzera kurwadzisisa zvakadini. Rimwe rinorwadza zvinodarika rarinotevera. Rinotevera, rinowedzera kurwadza, achiswedera pedyo nepedyo. Ndiyo nzira yaanoziva nayo nyaya yacho, nemarwadzo ekuzvara.

⁸⁸ Saka, kana nyika ichifanirwa kubviswa nekubarwa kwenyika itsva, regai timboongorora mamwe emarwadzo ekuzvara atinawo panyika, zvino tinozoono kuti izuva ripi uye kuti yave pachinhano chipi mumarwadzo ake.

⁸⁹ Hondo Yekutanga Yepasi pose yakaratidza marwadzo makuru ekuzvara. Yakaratidza rimwe remarwadzo ekuzvara okutanga okupinda kwayo munguva yekusununguka. Nokuda kwenguva iyoyo kwairi, takaunza mabhambu acho, uye taiva nezvigwagwaga zvacho, nemweya une chepfu. Uye munorangarira. Pamwe vazhinji venyu hamungarangerira. Ndaive ndiri mukomana muduku angave nemakore masere okuberekwa, asi ndinorangarira vachitaura nezvemweya wemustard nechlorine, nezvimwe zvakadaro. “Zvaingoratidzika sokunge zvaive zvangotanga uye,” vakati, “waizopisa pasi rose. Waizouraya munhu wose. Saka, kunogona kunge kuri ku—ku—kupamuka kwawo, mhengo dzinongozoupupurutsira panyika yose.” Uye kuti munhu wose aitya zvikurusa chombo chikuru ichi chemweya une chepfu! Nyika yakapfuura nemo, ikava nemarwadzo ayo ekuzvara okutanga.

⁹⁰ Uye tinoona iko zvino, takava nehondo yechipiri, Hondo Yepasi pose, uye marwadzo ayo akanga awedzera. Zvinowedzerwa kutyisa nguva dzose, marwadzo ekuzvara enyika. Yakapotsa yaparara, munguva yebhambo reatomic, nokuti raiparadza guta rose. Aive marwadzo akakura kudarika eHondo Yokutanga Yepasi pose, epakuparadzwa kwenyika.

⁹¹ Iye zvino, yave kuziva kuti nguva yayo yokusununguka yave pedyo. Ndicho chikonzero iri kuhuta—huta, kushushikana, sezvairi, nokuti pane bhambu rehydrogen, nemabhambu ezvitundumuseremusere anokwanisa kuparadza nyika yose. Imwe nyika iri kutya imwe, zvisinei kuti iduku zvakadini.

Vane mabhambu ezvitundumuseremusere avanoti ivo anongo. . . Rimwe rawo. Vanogona kuatungamirira nenyeredzi voadonhedzera pese pavanoda panyika.

⁹² Russia, sokunzwa kwandakaita panhau, pane rimwe zuva, inoti iyo inokwanisa kuparadza nyika ino, uye—uye yochengetedza maatomu kana zvimwe zvinhu kuti zvisaparadze nyika yavo. Hatizivi zvokuita pamusoro pazvo. Munhu wose ari kungotaura zvakadaro, uye ndizvo.

⁹³ Sainzi dzevanhu dzapoyera mulaboratory huru yaMwari, kusvikira pokuti vachazviparadza pachavo. Mwari vanorega, nguva dzose vanorega huchenjeri huchizviparadza. Mwari havana chavanoparadza. Munhu anozviparadza pachake nohuchenjeri, sezvaakaita pakutanga, achitora huchenjeri hwaSatani panzvimbo yeShoko raMwari.

Iye zvino, yave kuziva kuti inofanira kupfuura. Haichakwanisi kumira.

⁹⁴ Russia, ndinotenda, inokwanisa kuparadza nyika ino nhasi, kana yangozvifunga kuti inoda kuiparadza, iyo yozvichengetedza. Imwe yenyika duku idzi inokwanisa kuzviita. Asi, vanoty, nokuti vanoziva kuti nyika ino haikwanise kumira mugwara rayo pasi pemamiriro ezvinhu akadai.

⁹⁵ Saka, nyika inoziva kuti marwadzo ayo akakurisa, inofanira kupfuura. Pachava nekubarwa kutsva, kubarwa, kuri pedyo. Ndinotenda nokuda kwaizvozvo. Ndaneta neino iyi. Ani zvake. . . munhu wese anoziva kuti—kuti pano inzvimbo yerufu nekusuwa, nemhando dzose dzakasiyana dzenyonganyonga, nezvimwe zvakadaro. Ndinofara nokuti inofanira kupfuura. Ndinofara nguva yacho yaswadera. SaJohane wakare, akati, “Kunyange zvakadaro, uyai, Ishe Jesu.”

⁹⁶ Zvino, inofanira kuora, saizvozvo, sokureva kwandaita, kuitira kuti igounza kuberekwa kutsva. Onai zvayaora ichiva. Cherechedzai, hama dzangu! Yaora zvachose. Zvematongerwo enyika zvayo nehurongwa zvangoora nokuora kwazvingava. Hapachina bvupa richakanaka mairi, muhurongwa hwayo hwenyika, zvmatongerwo enyika zvayo nezvmatongerwo ezvekunamata zvayo, uye chingavei. Mumwe anoti, “Ndiri muDemocrat. Ndiri muRepublican. Ndiri muMethodisti. Ndiri muBaptisti.” Sei, zvose zvaora kusvika pamwongo. Pane chinofanira kupfuura. Haichagoni kuramba yakamira. Kana mukaisa mumwe George Washington kana mumwe Abraham Lincoln mudunhu rose muno muUnited States, haitombokwanisi kudzokazve. Haichagona kudzikinurwa.

⁹⁷ Pane chinhu chimwe chete chinogona kuibatsira, ndiko Kuuya kweMusiki. Ameni.

⁹⁸ Inoziva kuti inofanira kupfuura. Iri mumarwadzo nokushushikana. Hapana achaziva zvokuita. Mumwe ari kutarisa *uku*, uye nemumwe *uko*, nezvose. Vari kutyanana.

Mumwe ari kuedza kuita chinhu chinoparadza *uyu*. *Uyu* ari kuedza kupesana *neuyo*, kuparadza mumwe. Kusvikira, iko zvino zvave mumaoko evanhu vazere nezvivi, vanokwanisa kuparadza nyika yose mumaminitsi mashanu. Maona? Saka inoziva kuti haikwanise kurarama. Vanhu vanoziya kuti haikwanise kurarama. Uye nyika inoziva kuti vachadaro, zvichaitika.

⁹⁹ Nokuti, Mwari vakati ichazviita. “Ose matenga nenyika zvichabvira nemoto.” Kuchava kunatsurudzwa kwezvinhu zvose, kuitira kuti nyika itsva igokwanisa kubarwa. Mwari vakatozviprofita.

¹⁰⁰ Yaora, muhurongwa hwayo hwose, uye inofanira kudaro, kupera nokuora.

¹⁰¹ Ndicho chikonzero iyo, ndakati, yave kuhuta-huta uye yatsvuka kumeso, nekunetseka. Uye kudengenyeka kwenyika, kwese-kwese, zvichikwira nekudzika kumahombekombe. Uye masaisai makuru muAlaska, pamwe nokuzunguzika zvichikwira nokudzika kumahombekombe, kwekudengenyeka kwenyika nezvimwe. Uye vanhu vachinyora, “Tobvako here? Tobvako here?” Maona? Havachaziva zvokuita. Hakuna imwe nzvimbo yakachengeteka kunze kweImwe, ndiKristu, Mwanakomana waMwari mupenyu. Zvino pane chinhu chimwe chete chiri nzvimbo yakachengeteka, zvino ndiYe. Vose vari kunze kweApa vachaparara, chaizvoizvo sezvakataurwa naMwari.

¹⁰² Zvino ngatitarisei muBhuku raChiremba, kana iri mumhando yechinhano ichi chakadai, uye tigoona kana izvi zviri kufanira kuitika apo pachazobarwa nyika itsva. Mateo 24, muBhuku raChiremba, rinova Bhaibheri, uye ngationei zvakaporofitwa, uye kuti zviratidzo zvayo zvohurwere zvichange zvakadini.

¹⁰³ Zvino, kana chiremba vachiziva zviratidzo zvinoitika panobarwa mwana. . . Uye panguva apo mwana anenge oda kusvika, anogadzirira zvose, nokuti anoziva kuti ndiyo ngu—nguva apo mwana ave kuzobarwa. Nokuti, zviratidzo zvose zvinooneka; mvu—mvura inopamuka, ropa. Uye zvino iyo. . . Nguva yakwana. Mwana adzika, zvino yakwana nguva yokuti mwana achibarwa. Naizvozvo anomugadzirira zvinhu zvose.

¹⁰⁴ Zvino, Jesu akatitaurira chaizvo zvichaitika panguva ino. Akatiudza, muna Mateo 24, kuti Kereke, Kereke yechokwadi, neimwe kereke, zvicha. . . Kereke yepanyama, Kereke yemweya, “Dzichave pedyo nepedyo, vatevedzeri, kusvikira zvingatonyengera Vasanangurwa, dai zvaibvira.” Kutu zvazvaiva mumazuva aNowa, “Kuti vaidya, kunwa, kuroorana, kupuwa mumuchato,” pamwe nemararamiro ose etsvina enyika atiri kuona nhasi. Bhaibheri, Bhuku, Bhuku raChiremba rakati zvichazoitika. Saka, tikaona izvi zvichiitika, tinoziya kuti kubara kwave pedyo. Zvinofanira kutoitika.

Hongu, changamire. Zvino, tinotarisa kwazviri, se—senyika; kwete senyika, asi pasi rose.

¹⁰⁵ Zvino, Israeri, kereke, regai titangire kumashure nayo kwemaminitsi mashoma. Uye ngatiiteverei kwemaminitsi gumi anotevera, zvichida. Israeri yakava nemarwadzo ekuzvara pasi pemuporofita wose akauya panyika. Yakava nemarwadzo ekuzvara paMharidzo yake. Ko chii chayakaita? Muporofita aiva neShoko. Uye—uye yakanga yadyara kuwora kwakawanda pamwe nokuita zvitevedzwa zvine hurongwa zvakawanda mairi, kusvikira muporofita uyu wakaizunguza kubva pahwaro hwayo. Vaivengwa nomunhu wose. Saka, nokudaro, apo Mwari vakatuma muporofita, kereke pachezvayo yakapinda mumarwadzo ekuzvara. Nokuti, muporofita, “Shoko raMwari rinouya kumuporofita, uye iye oga.” Zvichireva kuti, Shoko rakataurwa rezuva iroro rinoratidzwa nemuporofita wezera iroro, zvagara zvakadaro. Uye, makereke, vanogadzira hurongwa hwakawanda hwakapoteredza Shoko, kusvikira akaizunguza kubva payaiva imire paakauya. Yakava nemarwadzo ekuzvara.

¹⁰⁶ Chaive chiiko? Dzokerai kuShoko! Dzokerai kuUpenyu! Zvehurongwa hazvina Upenyu. IShoko raMwari roga rine Upenyu. Hurongwa hwakavakwa hwakaRipoterredza, hauna Upenyu. IShoko rinopa Upenyu. Mharidzo yake yakazunguza vakasara kuti vadzokere kuShoko. Boka duku richabuda rigotenda. Dzimwe nguva, zvichida. . . Munguva yaNowa, vanhu vangangoita vasere voga. Asi, zvisinei, Mwari vakazunguza vakasara. Uye, ndokuparadza, izvo zvakasara zvakatobviswa nokuzunguzwa.

¹⁰⁷ Zvakazviita, kudzika mumazera ose, kusvikira pakupedzisira kereke yakavabarira Mwanakomana, uye Mwanakomana uyu aiva Shoko, pachaRo, rakaitwa nyama. “Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Akakunda dhimoni rose, simba rose panyika, rakauya richipikisana naYe, neShoko raBaba roga. Muedzo wose waAkapiwa naSatani, Akatsiura Satani; kwete nesimba raKe—raKe pachaKe raAiva nro, asi neShoko raMwari. “Zvakanyorwa zvichinzi. . . Zvakanyorwa zvichinzi. . . Zvakanyorwa zvichinzi. . .” Nokuti Aive Shoko.

¹⁰⁸ Satani paakabhururukira pana Evha, akanga asiri Shoko, nokudaro zvakakundika. Paakabhururukira pana Mosesi, zvakaita zvimwe chete. Asi paakarovera pane Mwanakomana waMwari, Aive zviuru gumi zvemagetsi anogwinha. Zvakabvisa paari minhenga yose yakanga isina kubatirira, paAkadzoka ndokuti, “Zvakanyorwa zvichinzi, ‘Munhu haangarame nechingwa choga, asi nerose Shoko rinobva mumuromo waMwari.’” Heunoi uyo Mwanakomana uya, aitwa nyama.

Shoko raMwari roKusingaperi, pachaKe, richiratidzwa mumutumbi wenyama pano panyika, kumiririra Shoko.

¹⁰⁹ Ndiwo maziviro aAkaita zvaive mumoyo mavo. Ndiyo nzira yaAkagona kutaurira Firipi kwaave, kuti aive ani. Aigona kutaurira Simoni Petro kuti aive ani. Akaudza mudzimai aive patsime. Sei? Aive Shoko. Ndzivo. Bhaibheri rakati, muvaHebheru chitsauko 4, “Shoko raMwari rakapinza, rine simba kudarika munondo unocheka nemativi maviri, richicheka richipamura kusvika pamwongo webvupa, uye Munzveri wepfungwa nezvishuvo zvemoyo.”

¹¹⁰ Ndosaka, vapisita vechiFarisei vava vakapofomadzwa vakatadza kuona kuti ndiRo raive Shoko rairatidzwa, nokuti vakanga vaputirwa muhuprisita nehurongwa. Zvino hurongwa hwakare hwaifanira kupfuura. Raiva Shoko, asi zvakanga zvavimbiswa zvakanga zvazadzikiswa. Saka kana zvakazadzikiswa, hunofanira kuora. Chikwande. Mbeu yakaenderera mberi.

¹¹¹ Mosesi haaikwanisa kunge akaunza mharidzo yaNowa. Kanawo Jesu haaigona kunge akaunza mharidzo yaNowa, nokuti raiva rimwewo zera. Zvino mbeu yakare yaiva yakanaka, asi yakaita basa rayo ndokufa ndokuenda mberi. Shanduko yokubva pane zvakare kuenda kune zvitsva, apo paiva neUpenyu, ndizvo zvainge zviri kunetsa vanhu, zvinovanetsawo kana nhasi.

¹¹² Hatasi kuvaka madziro, toti totanga nemharidzo yaRuther, todzika nemutsara wakatwasuka, kana mharidzo yePentecosti. Ndzivozvo. Tave kutora makona. Tiri kuvaka chivakwa. Shoko raMwari ndiyo gwara rekuvakisa. Munhu wese anogona kuvaka zvakatwasuka, asi zvinotora mhizha kuti itore kona. Zvinotora simba raMwari kuzviita. Zvinotora muzodziwa anobva Kudenga, anotumwa pasi kuzviita. Zvaive zvakadaro, muzera roga-roga. Uye muzera revaporofita, Shoko raMwari rinouya nemuvaporofita ava, uye vanotora makona aya, vakaita mitsauko iya. Asi vavaki vaida kuvaka madziro. Haasi madziro, zvachose. Imba, imba yaMwari.

¹¹³ Zvino, tinonzwa pamwe nokuziva kuti iChi iChokwadi, kuti hurongwa hwakaora muzera roga-roga. Uye hurongwa hwavo hose hwakatoora pamwe nokufa, kusvikira yabereka Kereke iya. Kubva mutsvina yakaora iyi kwakauya Shoko, pachezvaRo. “Shoko raShe rakauya kuvaporofita.” Harina kumbouya kumuprisita; Rinouya kuvaporofita.

¹¹⁴ Zvino cherechedzai, zvino paRakadaro, pakupedzisira Shoko iri rose rakaberekwa munyama yemunhu. Huzaro weHumwari mumutumbi hwaiva hwakazorora maAri. Aiva Shoko. Vaporofita chikamu cheShoko, Shoko remuzera ravo. Isu, nhasi, tiri chikamu cheShoko, avo vanotevera Shoko. Asi iYe waiva huzaro hwose hweShoko. Aiva Shoko. Akati . . .

¹¹⁵ Pavainge vari kuMupomera, kuZvianzanisa naMwari, nokuti Aiva Mwanakomana waMwari, vakati kwaAri, “Saka, Uri kuZviita Mwari.”

¹¹⁶ Akati, “Hazvina here kunyorwa mumirairo yenyu, kuti munodana avo kunouya neShoko raMwari, ‘vanamwari,’ vaporofita? Uye ndizvo zvavaive. Saka zvino munoNdipomerei mhosva kana iNi ndichiti Ndiri Mwanakomana waMwari?”

¹¹⁷ Apo, huzaro weHumwari mumutumbi hwaiva hwakazorora muMwanakomana waMwari. Aiva kuratidzwa kuzere kwaMwari. Ndizvo izvo pakupedzisira... Marwadzo ekuzvara pasi pevaporofita ava, nokuda kwei, ivo vaiva Shoko, vainongedzera kune icho chaiva huzaro hwavo pachavo, huzaro hweShoko. Zvino pakupedzisira hurongwa hwakazofa, kusvikira, “Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

¹¹⁸ Tarirai kuti rakaratidzwa sei muna Jakobho. Tarirai kuti rakaratidzwa sei muna Josefa, chaizvoizvo. Aidikanwa nevako... baba vake; achivengwa nemukoma vake, pasina chikonzero. Aiva munhu wemweya, aikwanisa kufanotaura zvinhu zvisati zvaitika, pamwe nekududzira zvirototo. Hapana zvaaikwanisa kuita kunze kwekuva izvozvo. Akangoberekwa akadaro. Akatemerwa kuva izvozvo. Asi, aivengwa nevakoma vake, uye pakupedzisira ndokuzomutengesa kwemasirivheri makumi matatu, angangoda kusvika makumi matatu. Uye akasimudzwa, ndokugara kuruoko rwerudyi rwaFarao. Akatarisa mutorongo rake, maiva nemugadziri wewaini nemubiki wechingwa; mumwe akaraswa mumwe akaponeswa.

¹¹⁹ Jesu mutirongo raKe, pamuchinjikwa; mumwe chete akaraswa, mumwe chete akaponeswa. Ndizvo chaizvo. Zvino ndokuzokwidziridzwa kumatenga ndokunogara pasi paChigaro chaMwari. Uye paAchabvako zvakare, pachava neruzha rucharira, “Gwadama nebvi,” uye ndimi dzose dzichapupura.

¹²⁰ Zvino Josefa paaibva pachigaro ndokufamba achienda mberi, hwamanda yairira, uye ibvi rose raigwadama. “Josefa ari kuuya.”

¹²¹ Naizvozvo, rimwe zuva Hwamanda huru yaMwari icharira, vakafa muna Kristu vachamuka, zvino ibvi rose richagwadama, uye ndimi dzose dzichapupurira kuShoko rino. Asi chii chaAri kusinga? Ari kuuya kuno kuzodini?

¹²² Cherechedzai, akabereka Shoko iri rizere rakaitwa nyama, pasi pamarwadzo ekuzvara evaporofita vakaparidza nesimba, “Ari kuuya! Ari kuuya! Ari kuuya!”

¹²³ Zvino, asi vakanga vasina muporofita kwemazana mana emakore, maererano nenhoroondo neMagwaro, kubva pana Maraki kusvika pana Johane. Vaingova bedzi nevadzidzi vebhaibheri, vaprisita, nefafundisi. Zvino pano tinogona kufungidzira, pasinaye, kuti hurongwa hwayo hwaive muchinhano chakaora zvakadini, mazana mana emakore vasina

Mharidzo yakananga, yeZVANZI NAJEHOVHA, ichibva kuna Mwari. Saka, vapisita, vaporofita, nevamwe vose, vakanga vapinda munyonganyonga yakaipa. Yakanga yaora.

¹²⁴ Zvino Johane, Eriya wakavimbiswa wemuna Maraki 3, kwete Maraki 4. Maraki 3, nokuti Jesu akataura zvimwe chete muna—muna Mateo chitsauko 11.

¹²⁵ Apo maziso aJohane echapungu akange oona madzerere, sokutenda kwandinoita kuti *Early Ages* yaPember inotaura kudaro. Zvino akati, “Endai munoMubvunza kana Ari Iye wacho, kana kuti totsvara mumwe.” Munoono?

¹²⁶ Zvino Akati, Jesu, mushure mokudzosera vadzidzi vake, mushure mokuvaudza kuti vagare mumusangano vaone zvaitika. “Zvino endai, munoratidza Johane zvinhu izvi. Uye akaropafadzwa uyo asingagumburwe.”

¹²⁷ Akatendeuka ndokutarisa kuvadzidzi vaKe nekuvanhu vaAitaura navo. Akati, “Makaenda kunoonei pamainoona Johane?” Akati, “Makaenda here kunoona murume akapfeka hanzu dzakapfavirira?” Zvino Akati, “Ndinoti kwamuri, ndiyo mhando inogara mumizinda yemadzimambo.” Akati, “Makaenda here kunoona tsa—tsa—tsanga inozunguzwa nemhepo?”

¹²⁸ Nemamwe mashoko, kanhu kose kaduku kaiuya nepo, kaimuzunguza? “Ndinokutaurirai, kana ukangouya kuno wojoinha boka redu, tinogona kukupa mubhadharo uri nani.” Kwete Johane. “Kana ukangorega kuparidza zvinopikisana *neizvi neizvo*, saka, unogona kujoinha mapoka edu.” Kwete Johane.

¹²⁹ Akati, “Saka makaenda kunoonei, muporofita? Uye ndinoti kwamuri, muporofita nokupfuirira. Nokuti kana muchikwanisa kuzvigamuchira, uyu ndiye uya akarehwa nemuporofita, achiti, ‘Ndichatumira mutumwa waNgu mberi kwechiso chaNgu, kunogadzirira nzira.’” NdiMaraki 3:1.

¹³⁰ Kwete Maraki 4, zvachose. Akasiyana. Nokuti, Eriya uyu akangouya, nyika inenge yopiswa pakarepo, uye vakarurama vachafamba pamusoro pemadota evakaipa.

¹³¹ Iye zvino, cherechedzai. Mharidzo yake haina kunyatsovamutsa kubva kuhope dzavo dzezvinamoto. Vakangoti, “Pane murume anopenga ari zasi uko. Darikai nepaari, nokukasika. Vakamuti aipenga; ari kuedza kunyudza vanhu zasi uko mumvura. Maona? Nhai hapana zviripo pamutana uyu. Nokuti, haana kumbopfeka hanzu dzakafanira. Akazvimoneredza nedehwe regwai. Naizvozvo, murombo wevarombo. Seiko, akabva kuseminari ipi? Ko kadhi rake rehuhungo? Hatisi kuzombobatirana naye mumisangano yake. Tichangomurenga ariko zasi ikoko agozvionera.” Maona? Nyika haina kumboshanduka zvakanyanya, kanawo nehurongwa. Uhuh. “Asi tichangomurenga agare zasi ikoko. Haana kana . . .”

¹³² Munoziva here kuti sei asina kuzviita? Rangarirai, baba vake vakanga vari muprisita. Asi sei asina kutevera nzira yababa vake, sezvo yaive tsika yaitevedzwa nevana mumazuva iwayo? Nokuti aiva nechimwe chinhu, Mharidzo yakakurisisa. Akanga achizozivisa Mhesiya, nokuti Mweya Mutsvene wakanga wataura kudaro. Boka duku riya rakanga rasara iro rakanga radzoswa neMharidzo yaGabrieri, zasi uko, vaiziva kuti zvichava saizvozvo. Saka tinoudzwa, ave nemakore anenge mapfumbamwe okuberekwa, akaenda murenje. Mushure mokurasikirwa nababa naamai vake, ipapo akaenda murenje, nokuti aifanira kunonyatsonzwa nemazvo.

¹³³ Nokuti, muimba huru iyi yedzidzo yebhaibheri, vangadai vakati, “Zvino, ndinoziva kuti ndiwe unofanira kuzivisa Mhesiya. Isaya wakati uri kuuya, saka uchava inzwi racho. Zvino, hamufungi here kuti Hama Jones pano ndivo vakafanirwa nekuzviita zvemazvirokwazvo?” Zvino angadai akazvigamuchira zviri nyore.

¹³⁴ Asi haana kana kumbodzydza humwe hwehurongwa hwavo. Mharidzo yake yakange yakanyanyisa kukosha. Akaenda murenje, kunogara.

¹³⁵ Cherechedzai. Mharidzo yaKe yakanga isina kuita seyemudzidzi webhaibheri. Aishandisa mifananidzo. Akati, “O, imi chizvarwa chenyoka.” Achiti kuvashumiri ava, “nyoka.” Iyi, ndiyo imwe yezvinhu zvakaipa zvaakaona murenje, chimwe chezvinhu zvinoveredza, dzaiva nyoka. Zvino akafunga, “Ndiko kunenge kuenzanisa kwakanyatsofanira kwandinoziva.” Akati, “Imi chizvarwa chenyoka, ndiani wakuyambirai kubva kuhasha dziri kuuya? Musatanga kuti, “Tiri nhengo dzekwakati nek Wakati,” nokuti Mwari vanokwanisa kubva kumatombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu.” “Matombo aya,” ayo aaiona murenje nemumahombekombe ehova.

¹³⁶ “Uyezve demo,” iro rainge achishandisa murenje, “raradzikwa pamudzi wemuti,” izvo zvaiona murenje. “Muti wose usingabereki muchero wakanaka,” aiziva kwaaiwana huni dzake dzemoto, maona, “uchatemerwa pasi ugokandirwa mumoto,” aigadzira huni dzemoto kubva pauri. Maona? Mharidzo yake yakange isiri yemushumiri, zvachose. Yaive ichibva pazvisikwa, murenje.

¹³⁷ Asi aive neMharidzo yaaizivisa, uye aive nokutenda muMharidzo yake, achiti, “Mhesiya uyu, anofanirwa kuuya, uye, zvokuti, Atoripo pakati penyuru zvino. Ndinoti kwamuri, aripo Mumwe aripo pakati penyuru, wamusingazivi, Uyo shangu dzake handikodzere kudzitakura. Achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene neMoto.”

“NdiYani, Johane?”

“Handizivi.”

138 Asi rimwe zuva, kwakauya mumwe Murume wechidiki aifamba achidzika kurwizi, achiratidzika seMunhu wamazuva ose. Pakare. . . Mutana Johane Mubhabhatidzi akanga akamirapo, muporofita wakaropafadzwa, zvino akatarisa mhiri kweJorodhani. Akati, “Tarirai, hero Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika.”

“Ko unoMuziva sei, Johane?”

139 “Uyo murenje, wakanditaurira kuti ndinobhabhatidza mumvura, akati, ‘Pane Uyo wauchaona Mweya uchiburukira, ndiYe Uya uchabhabhatidza neMweya Mutsvene.’”

140 Mharidzo yake hayaikwanisa kuuya nenzira yevadzidzi vebhaibheri kana humwe hurongwa hwezvitendwa hwakagadzirwa nevanhu. Yaifanira kungouya yakananga ichibva kuna Mwari.

141 Nokuti, Mharidzo yake haina kuvazunguza zvakanyanya. Vakafunga kuti, “O, akati akaUona. Ndinozvipokana zvikuru. Hapana chandakaona. Ndakatarisa. O, ini zvangu! Hapana chandakaona pazviri,” vapisita nevamwe vakataura kudaro.

142 Asi akaUona, uye tinoziva kuti akaUona. Ichokwadi, akauona. Asi macherechedza here zvaakawana?

143 Hazvina kuvamutsa kubva muhope dzavo. Vakaenderera mberi, ndokugura musoro wake, zvakadaro. Asi ha—hazvina kuvadenha.

144 Asi zvakabata vakasara, avo vaiva neUpenyu mavari, boka riya duku, Ana na—naSimioni, pamwe nevamwe vashoma vaive vose vakamirira Kuuya kwaShe. Uye Ana, ari mutemberi, ari bofu, muporofitakadzi aishumira Mwari neminyengerero. Zvino rimwe zuva ari muMweya . . .

145 Uye Simioni akanga aporofita zvino ndokuti, mutana, akati, “Mweya Mutsvene akandiudza kuti handisi kuzofa kusvikira ndaona Kristu waShe.”

146 Saizvozvo, vamwe vavapisita, munoziva, vakati, “Mutana anonzwisa urombo, angoti tsaukei zvishoma, munoziva. Handiti, atove neimwe tsoka mubwiro izvozvi, uye rimwe racho riri kutotsvedza. Ko, chingomusiai akadaro. Anga ari mutana anoremekedzwa. Asi oita sokunge. . .”

147 Asi, muri kuona, anga ainei? Zvakazarurwa kwaari neMweya Mutsvene.

148 Ndicho chinhu chimwe chete chazarurwa kwamuri imi vanhu masikati ano. Mweya Mutsvene wakuunzai pano nokuda kwechimwe chikonzero. Zvimwe. . . Mweya Mutsvene! Tarirai vapisita ava nevashumiri pano vanobva kuMethodisti, Baptisti, Katorike, nevamwe vose. Vaisundwa neMweya Mutsvene. Nguva yasvika zvino. Saka Mweya Mutsvene vakafamba pavari, uye vanga vachiUtsvaka, vaine nzara. Zvino, pakare. . .

149 Rimwe zuva, munoziva, kwakanga kusina terevhizheni. Tinotenda Mwari nokuda kwezuya iroro.

150 Saka, ivo, vaiva zasi panhivi dzezvikomo zveJudhea. Paiva ne—neMwana akanga azvarwa. Nyeredzi yakaonekwa, nezvimwe zvakadaro.

151 Asi mushure memazuva masere, amai vakaunza Mwana muduku, akaputirwa mumachira epajoki remombe. Machira aKo epajoki remombe. Ndinotaura...ndakaudzwa kuti raive...Vakanga vasina chinhu chokupfeka. Raingova dhe—dhende duku rakanga rabviswa pajoki remombe, ndakaudzwa kuti, ndiro raiva jira raKe repajoki. Heunoi Josefa akauya nevamwe, vachiuva neMwana muduku uyu.

152 Ndinofungidzira kuti vanaamai vakamirira nechekure, vaine vana vavo vane zvirukwa nezvimwe zvose. Ndokuti, “Onai uko. Maona? Maona? Uyo ari apo. Mona? Akapiwa pamuviri nemurume uyo. Heunoi ari kupinda muno. Uyo, garirai kure naye. Mirirai kure.” Vachiri kungofunga zvinhu zvimwe chete.

153 Asi, Maria, aine Mwana uyu mumaoko ake, hazvina mutsauko wazvakaita kuti vaifungei. Aiziva kuti aive Mwanakomana waAni.

154 Uye ndizvo zvakaita mutendi wose anogamuchira Shoko raMwari mumoyo make! Handina basa nezvinotaurwa nehurongwa. Unoziva kuti Chii. Ivimbiso yaMwari. Yakazarurwa kwauri neMweya Mutsvene, pawakafungatirwa neSimba raKe. Unoziva kuti Uri kupi. Hapana munhu ane kodzero yekuparidza Evhangeri kusvikira asangana naMwari seri kwegwenga mugwenzi riya rinopfuta, kusvikira pokuti hapana hurongwa hwezvekunamata huri munyika hungakwanisa kuZvitsanangura kubva kwauri. Wakanga uripo. Zvakaitika kwauri. Handina basa nezvinotaurwa nehurongwa. Uri chapupu kwazviri. Hareruya! Ndave kunzwa semutana wechitema wandanga ndiri kutaura nezvake, “Handina nzvimbo yakakwana kumusoro kuno zvino.” Maona? Ndinonzwa kupinda mumweya panguva ino, kana ndikafunga. Uye ndizvozvo. Mwari, pachaKe, akakuzarurira.

155 Simioni aiva nevimbiso. Agere mukamuri yake yokuverengera mangwanani aya, o, ndinofungidzira kuti zvichida kwaiunzwa vana vacheche mazana akawanda, mangwanani oga-oga. Kwaiva nemaJudha kuda mamiriyoni maviri nechidimbu munyika, zvino vacheche ava vaiunzwa, uye vazhinji vachizvarwa. Zuva rose rechisere pana amai vaiuya, vachipira chipiriso chokucheneswa. Uye zvino panouya... Simioni, agere apo, munoziva, zvichida achiverenga bhuku raIsaya. Handizivi. Asi kamwekamwe... .

156 Zvino, kana Mweya Mutsvene wakuvimbisa, Mweya Mutsvene unofanirwa kuchengeta vimbiso iyoyo, kana Ari Mwari zvemazvirokwazvo. Iye, kana iYe... .

¹⁵⁷ Kana mumwe munhu akauya pano osvikotaura chimwe chinhu, Mwari akasazvitsigira, harisi Gwaro, kubva pakutanga. Kanganwa nezvazvo. Uye kana akati ndizvo, Mwari oregazve kuzvitsigira, zvichakangotsveyama.

¹⁵⁸ Nokuti, Mwari anodudzira Mharidzo yaKe. AnoZvidudzirira pachaKe. ZvaAnotaura zvinoitika, zvino Mwari akati, “Munzwei, nokuti iChokwadi.” Anongori mafungiro emazuva ose. Kana akati zvinoitika, uye zvobva zvaitika, ndizvo zvinovipupurira. Zvinofanira kuva nguva dzose, chiri Chokwadi chaicho, nokuti Mwari havarevi nhema.

¹⁵⁹ Zvino saka heunoi Simioni agere apo, achigamuchira kutambudzwa. Aive weavo vakasara. Akanga anzwa Johane, uye neboka duku rezuva iroro. Zvino heunoi agere apo, achiterera bhuku iri, achiziva. Ndinoreva kuti, achiziva kuti Johane akange ari kuuya, nokuti a—akanga ari chikamu cheboka revakasara. Shoko rakazarurwa kwaari. Zvino kamwekamwe, apo Mwana uyu paakaunzwa mutemberi, zvino rakanga rave basa reMweya Mutsvene kuzvizarura kuti Akanga avepo. Nokudaro iye, achisundwa neMweya, akabuda kubva mukamuri duku yokuverengera, ndokudzika nemuhoro, ndokusvika pamutsara wemadzimai. Achinyatsodzika nomutsara wemadzimai kusvikira asvika paive neMwana muduku uyu, wavainge vose vari kumira kure naye. Ndokusimudza Mwana mucheche mumaoko ake, ndokuti, “Ishe, chiregai muranda weNyu achienda murugare, nokuti meso angu aona ruponiso rweNyu.”

¹⁶⁰ Zvino panguva iyoyo, mumwe wevasanangurwa vashoma muzuva iroro, aiva Ana, muporofitakadzi. Aive agere neche uko, bofu, ari mukona. Akasimuka, ari bofu. Heunoi achiuya, achitungamirwa neMweya, pakati pemadzimai ose nevanhu vaimanikidzana pakupinda nepakubuda mutemberi, kusvikira asvika ipo chaipo paiva neMwana mucheche Kristu.

¹⁶¹ Kana Mweya Mutsvene wakagona kutungamira mudzimai bofu kwaAri, ko kuzoti boka rePentecosti rinotarisirwa kuva nemeso aro? Handichapfuuriri mberi. Munoziva, kubvapo zvichienda mberi. Cherechedzai. O, zvangu ini! Kuti chechi iyi yakanga yave mumatakanana makuru zvakare, chokwadi ndizvo zvayainge yave, muzuva iroro! Asi zvakazunguza boka duku rakasara, sokureva kwandaita.

¹⁶² Iye zvino ngatinyatsotendekei. Kana tikaona kereke iyi iri muchinhano chakadai nhasi, hatisi tatosvika panguva iya here zvakare? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino chitarisai zvinhu zvakavimbiswa, zveMuBhaibheri, zvinenge zvichiitika mukereke panguva ino. Tinoona zviri kuitika munyika, uye tinoona kuti yave kumagumo ayo. Zvino ngatitarisei mukereke.

¹⁶³ Mudzimai, kereke, akava nemarwadzo ekuzvara pasi paRuther. Iye zvino, tinoziva kuti pane mazera manomwe ekereke, nevatumwa vanomwe kumazera manomwe, maererano

neZvakazarurwa. Zvino, Ruther paakazouya, zvirokwasvo zvakakandira kereke mumarwadzo ekuzvara, asi zvakabereka Ruther. Ndizvozvo.

¹⁶⁴ Mushure mezvo, yakapinda mudambudziko zvakare, nokudaro yakabereka Whisiri. Ndizvozvo.

Yakapindazve, ndokubereka pentecosti.

¹⁶⁵ Mumwe nomumwe wevatumwa kuzera rake, akazunguza . . . kudzokera kuShoko, Mharidzo yezeza ravo, Mharidzo inoenderana neBhaibheri. Ndine bhuku, riri kuuya, riri maererano naizvozvo, pfupiso yezvitsauko zvina zvokutanga zveZvakazarurwa. Riverengei, richinge rangodhindwa. Uye rinoratidza, pasina kana mumvuri wekupokana, izvo zvaiva Mharidzo yaRuther, kururamiswa; kuti chii kucheneswa, danho rinotevera pakuberekwa kwepanyama. Zvino kunouzouya mapentecosti, ndizvo chaizvo.

¹⁶⁶ Zvino, cherechedzai, zera roga-roga raizunguza kereke nokuipa marwadzo ekuzvara. Asi vakaiti? Mushure mokuuya kwemarwadzo ekuzvara, panzvimbo yokuenderera mberi neShoko, vakatora boka revarume pamwe chete sezvakanogaita yokutanga. Ndizvozvo chaizvo. Mushure chaimo mokuzunguza kwevaapostora, zvino tinoiona ichitsaukazve zvakare. Zvino tinozoonza kuti, kwakauya vamwe vakawanda, Agabho nevazhinji vevavandudzi vakuru kareko pakutanga. Zera rimwe nerimwe rakadaro, pamunonzvera Pre-Nicaea Council, Nicaean Fathers, nezvose zvekumashureko. Munozviwana zvose imomo. Zera rimwe nerimwe rakazunguzwa, nguva dzose apo mutumwa aiuya neZVANZI NAJEHOVHA.

¹⁶⁷ Iye zvino yave muchinhano chakaipisira, icho, sokureva kweMagwaro, chaisati yakambopinda machiri. Tiri muzera rekereke yeRaodhikia, “Rakapfuma, asi riri zera rekereke rine upofu, uye vasingazvize.”

¹⁶⁸ Hapana imwe nzvimbo muBhaibheri apo Kristu akaiswa kunze kweKereke, asi muzera rekereke yeRaodhikia. Iri muzera rakaipisira. Yaworesesa kudarika zvarakambova. Yakati, “Ndigere samambokadzi, hapana chandinoshaya.”

¹⁶⁹ “Uye hauzivi kuti hauna kupfeka, wakasuwa, uri bofu, uri murombo, uye hauzvizi.” Hongu, changamire. Akati, “Ndinokuraira, uya utenge mafuta emeso kwaNdiri, kuti Ndisvinudze meso ako.” Uye zvezvirokwazvo zvicha—zvicha . . . Mafuta emeso aMwari zvirokwasvo achauza Chiedza kukereke kana ichida kusvinudza meso ayo kune zvakataurwa naMwari.

¹⁷⁰ Cherechedzai, nokukasika zvino. Iye zvino, yave muchinhano ichocho, pasina kana mumvuri wekupokana. Tiri muzera rekereke reRaodhikia.

171 Zvino, mutumwa waYo akavimbiswa, muna Maraki chitsauko 4. Akavimbisa kuti achazviita. Uye Mharidzo iri kuzounzave Shoko, kudzosa vanhu kuShoko. Pachava nekusununguka. Ichasununguka, Kubarwa patsva, sezviri muna Maraki 4.

172 Munyika dzezvemachechi nhasi, mune hurongwa huviri huri kushanda. Zvino chinyatsoteereresai. Zvino ndinoda kuona kana muchazoti “ameni” pane izvi. Pane hurongwa huviri huri kushanda munyika dzezvemachechi nhasi. Ndiri kuzoturura izvi kubva pamapfudzi angu, uye ndobva ndapedza nazvo. Tose tinoziva kuti iShoko raMwari, nehurongwa hwemasangano. Pane hurongwa huviri huri kushanda. Sezvaiva, Jakobho naIsau; mumwe ari weMweya, mumwe ari wenyama. Zvino chii? Isau naJakobho vairwa mumimba dzamai, kusvikira panguva dzavakabarwa. Saka ndizvo zviriwo masangano neShoko, vachirwisana, mumwe nomumwe. Vagara vakadaro, kubvira Ruther paakatanga kuunza kuvandudzwa kwekutanga. Ndine taro yekuti zvapakpfava zvokuti munokwanisa kuzvinzwisisa. Maona?

173 Varume ava, kana vakagona kutora iZvi vagobuda kunze naZvo, vanogona kupa kunzwisisa kwakawedzerwa kwaZviri, munoona, kuZviunza panzvimbo yamunogona. Ndiri kungoda kudyara Mbeu iyi, zvino ndova netariro yokuti vachalita kuti igomutswa kuUpenyu. Cherechedzai. Maona?

174 Zvagara zvakadaro. Ndicho chikonzero yave nemarwadzo ekuzvara, nokuti pane kurwisana mairi.

175 Pana Isau, anongori munhu wemunyika, munamati mukuru. Uye, o, akarurama, muchinda akanaka, akachena, anozvibata, sokuziva kwangu, asi hapana chaanoziva nezvekodzero yeHudangwe. Akazvarwa akadaro. Akaumbwa saizvozvo.

176 Uye Jakobho, handina basa nezvaari, ari kuda hudangwe. Ndiye wacho weMweya.

177 Zvino vaviri ava, nhasi, vari mumimba yekereke. Pane hurongwa hukuru huri kuedza kugadzirwa, hunonzi World Council of Churches. Zvino kubva mumimba yekereke kuri kuuya vana vaviri. Imi ingocherechedzai shoko rangu. Nyika yave. . .

178 Shoko rinofanira kubereka Kereke iri Mwenga weShoko. Uye Kereke inofanira kubarwa kubva mairi, Mwenga waKristu. Avo vakavata mune mamwe mazera ose vachaumba Mwenga uyu wakauya kubudikidza neShoko ravakabuda naro, sekubva kutsoka dzako kusvika kumusoro wako. Anoramba—ramba achikura, uye zvichiramba zvichiwedzera, nezvimwe zvakadaro. Apo mutumbi unenge uchikura, ndiko kukurawo kunoita Mutumbi waKristu. Zvino pakupedzisira Musoro unozouya kwaIri, Musoro waYo uchauya, zvino, kana tikacherechedza,

nokuti wose Waka—Wakabatanidzwa nemusoro. Musoro ndiwo unotendeutsa, unodhonza.

¹⁷⁹ Asi hurongwa uhu hauzobvi maIri, nokuti hurongwa, uye haugoni kubereka. Tsine haikwanise kubereka chisote chegorosi. Asi zvose zviri mumunda mumwe chete, zvichidridzwa nemvura imwe chete, uye nechiedza chezuva chimwe chete. Imwe iShoko; imwe haasi Shoko. Zvino vaviri ava vari kurwisana. Vanga vachirwa kubvira pakuvandudzwa kwepakutanganga, uye vachiri kungorwa.

¹⁸⁰ Zvino, handifanire kuramba ndichienda mberi pane izvi, ndizvo here? Zvirokwazvo munoziva zvandiri kutaura nezvazvo. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hongu, changamire. Hepanoi patiri. Hepanoi pamuri, hurongwa. Uri muhurongwa hupi?

¹⁸¹ Chingofungidzira iye zvino, dai wakararama mumazuva akare, uri pasi pekuzunguzwa nevaporofta vaMwari nemaShoko aiuya, idivi ripi raungada kuva kareko?

¹⁸² Saka, mune sarudzo imwe chete nhasi. Agadzirira kuunza Shoko rakakwana shureko, uye Shoko riri kuvinga Mwenga weShoko. Sezvo mu—mudzimai chikamu chemurume, akatorwa kubva pamurume, nokudaro Kereke ichafanirwa kunge iri Kereke inogara muShoko, Shoko rose remuBhaibheri; kwete hurongwa, zvitendwa, kana chimwe chinhu chakawedzerwa kwaRiri. Ichafanirwa kunge iri muShoko risina upombwe, rakachena, mhandara. Ndizvozvo.

¹⁸³ Uye mumazuva eChiedza chaRuther, apo kereke yakakiyira kunze, simba raRuther. Yakapinda pamarwadzo, asi akauya, “Vakarurama vachararama nokutenda. Uye *ichi* hachisi chirairo.”

¹⁸⁴ Zvino, tinoona, kuti, pasi pemazuva aJohn Whisiri, yakawana marwadzo zvakare, asi pakave—pakave naWhisiri akabarwa. Asi chii chaakaita? Akadzokera sezvakangoita amai.

¹⁸⁵ Zvino mumazuva emapentecosti, madzibaba navanaamai venyu vakabuda muchinhu ichochi vakachivenga. Vaienda mumigwagwa, amai vako vasina kupfeka mastokononzi, vachiridza chigaba, uye vachitaura nezverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vaine rimwewo gitari. Vairara munzira dzemotokari, vogara usiku hwose vari mujeri. Zvino isu taomarara, uye tanyatsodzokera musangano ndokuzvigadzirira matope mamwe chete. Vakadhonza vana vavo vachivadzosera mune zvavakabuda mazviri. Vaingotendeuka muguva ravo. Vanozonyara nemi. Ndinoziva kuti zvakaoma, asi iChokwadi. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁸⁶ Unoti, “Ndaifunga kuti munoda vanhu.” Kana rudo rusingagadzirisi, zvino ko ungaratidza sei rudo? Rudo runogadzirisa. Uye ndinoda nyika... Ndi—ndine shungu nekereke yaMwari.

¹⁸⁷ Uye ndichiona hurongwa hwakaisungirira pasi pezvitendwa, huri kuora. Uye Mwari vari kuratidza kuti Shoko ravo kuva reChokwadi, uye zvakadaro vanoramba vakabaturira kwahuri. Ameni. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ichokwadi. Munoziva kuti ichokwadi, hama, hanzvadzi. [“Ameni.”] Zvinongori iZvi. Ndiyo nzira iri nyore yokuZvitauro. Ha—hakusi kupatsanura chiGiriki, nezvimwe, asi kupatsanura nokuratidza pfungwa dzamazuva ose. Zvirokwazvo munokwanisa kuZvinzwisisa. Zviviri nezviviri zvina. Maona? Zvino tinoziva kuti Izvi ndizvo chaizvo.

Zvino, Shoko rinofanira kubereka Mwenga.

¹⁸⁸ Asi hurongwa hwakare hunofanira kuchengeta mufananidzo wahwo. Hunofanira kubereka Isau uyo wakatengesa kodzero yehudangwe hwake.

¹⁸⁹ Hezvo zvouya. Ndiri kuzvinzwa. Ndine tariro yokuti hamusi kufunga kuti ndave kupenga. Zvakanaka, kana ndakadaro, ndisiyei ndakadaro. Ndinonzwa zvakanaka ndakadai. Ndiri nani sezvizvi kudarika zvandaimbove. Ndi—ndinogona kunge ndichipenga, kunyika. Ndi—ndi—ndinoziva pandiri. Ndinoziva pandimire.

¹⁹⁰ Tarirai. Huchabara mwana akafa, hurongwa hwezvinamoto huchaunza masangano ose pamwe chete, zvigobara Isau anovenga Jakobho. Ameni. Ndine tariro yekuti muri kuzviona, mwana akazvarwa akafa, sangano rakafa, vose vachienderana pamwe chete.

¹⁹¹ O, vatendi veShoko, zvipirei kuMharidzo yangu. Ndinzwei, haisi Mharidzo yangu, asi Mharidzo yaKe yaAnonyatsosimbisa kuti Ichokwadi. Une paunofanira kusarudza. Haukwanise kuramba wakagara mushure meizvi. Unofanira kutora sarudzo.

¹⁹² Munorangarira here pane rimwe zuva, zasi kuWestward Ho uko, mangwanani aya, pakudya kuya kwamangwanani, kuti Ishe vakandiita kuti ndikuratidzei gorosi riya? Kutu rakauya nemuna Ruther, nemuna Whisiri, nemumuchekechera, nezvimwe, nemabukira ose, kereke imwe neimwe ichimiririrwa mugunde regorosi. Ndokuzodzika kusvika kumbeu, saizvozvo, uye pakave nekachikwande kaduku, kairatidzika chaizvo setsanga yegorosi chaiyo. Paunobuda kunze uchinoona, kana usingazive gorosi rako, unoti una gorosi ipapo, asi chinongori chikwande. Zvino ukazarura chikwande ichi, hamuna gorosi imomo, zvachose. Nechekumashure-shure, mune kabukira kaduku keupenyu kanenge kari kumera. Unotori girazi wokatarisa. Uye Pentecosti payakatanga kuuya, yaive pedyosa, Jesu akati muna Mateo 24:24, “Zvichanyengera Vasanangurwa dai zvaigoneka.” Zvaive zvichizoitei? Kupa rutsigiro kumbeu. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, muchekechera . . .

¹⁹³ Tarirai zvino. Tsuru hairatidzike setsanga yakapinda, kanawo muchekechera, asi iri pedyo pakufanana nayo. Zvino

chikwande chakanyatsofanana nayo, asi zvakadaro hachisi gorosi. Chinongori mutakuri wegorosi.

¹⁹⁴ Hamuoni here kuuya kwakaita mharidzo idzo nemarwadzo ekuzvara? Asi upenyu hwakabudamo, kuenda kumharidzo yaitevera. Upenyu hwakanyatsobuda muna Ruther, hukapinda mumharidzo yaWhisiri. Kubva chaimo muMharidzo yaWhisiri, kupinda mumharidzo yepentecosti. Zvino yava nguva zvakare, yokusiya chikwande. Chii chanetsa? Hezvo zvisikwa, padanho roga-roga, zvichipupura kuti iChokwadi.

¹⁹⁵ Zvino munoona kuti sei muchifunga kuti ndinopenga. Pamwe ndizvo zvandiri, sokureva kwandamboita. Asi pane chimwe Chinhu chiri mandiri. Handikwanise kuChimisa. Handina kuChiisa imomo. HaChina kuuya nokusarudza kwangu. NdiMwari. Uye VanoZvisimbisa, kuratidza kuti iChokwadi, kuZviita kuti zvive Chokwadi. Kwete sokunge ndine zvandinopesana naRuther, naWhisiri, maPentecosti, maBaptisti, kana ani zvake. Hapana munhu wandinopesana naye. Hurongwa ndihwo hwandinopikisana nahwo, nokuti Shoko rinopikisana nahwo; kwete vanhu. Tarirai vapisita nevashumiri vagere pano, nhasi. Vangadai vasiri pano dai vaterera hurongwa, asi vakava nekushinga, kweShoko raMwari, kubuda kunze nokuZvigamuchira. *Hareruya* zvinoreva kuti “Mwari wedu ngaarumbidzwe.” Hazvikukuvadzei. [Mumwe munhu anoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvinoreva kuti “ngazvive saizvozvo.” NdinoZvitenda. Ndinotenda nokuZviziva kuti iChokwadi. Zvakasimbiswa kuti iChokwadi. Rimwe zuva muchazoviona, pamwe nguva inenge yapera. Zvino tarirai. Tarirai.

¹⁹⁶ Bhaibheri rakati, “Mudzimai waKe Wazvigadzirira,” pamagumo ezera. Ko Wakazvigadzirira sei? Kutu ave Mudzimai waKe. Uye Anotei? Akapfeka hanzu yemhandoi? Shoko raKe pachaKe. Aive akapfeka Hutsvene hwaKe. Ndizvo zvazviri. Ndizvo. Maona?

¹⁹⁷ Chiratidzo! Cherechedzai, tave kutopedza zvino. Ndiri kuda kutaura chinhu chimwe chete ndisati ndapedza. Ndicho chanditungamira kuti nditaure izvi. Zvino, iZVANJI NAJEHOVHA. Kana munhu akataura zvakadaro, pasina, achizviisa mukufunga kwake, anenge ari munyengeri uye anofanira kuzviendera kugehena. Ndizvozvo. Kana akaedza kutora boka revanhu, vanhu vakanaka sezvizvi, ovanyengera, sei, anenge ari dhiyabhorosi ari munyama yemunhu. Mwari haambomuremekedzi. Munofunga kuti Mwari angaremekedza here dhiyabhorosi kana nhema? Kwete. Maona? Zvinoenda nepamusoro pemisoro yavo, uye havazvinzwisise. Anodhonzera Vasanangurwa kunze.

¹⁹⁸ Tarirai vaporofita vose nemuzera rose, mawaniro aAiita Vasanangurwa.

199 Tarirai, vachuiya vachidzika, kunyange panguva yekuvandudzwa. Sezvakaita, kereke yeRoman Catholic vakapisira Joan of Arc pamatanda, zvichinzi muroyi. Ndizvozvo. Pava paye vakazoono kuti akanga asiri. Aiva mutsvene. Ndizvozvo, vakazvirwadzisa pakutendeuka, ndokufukunura mitumbi yevaprisita ndokuikandira murwizi. Asi, munoziva, asi izvozvo hazvipedze nyaya yacho mumabhuku aMwari. Kwete. Vaiti Mutsvene Patrick zvimwe chete, zvakare, munoono, akangoda kufanana nezvandakaita ini. Saka, tinocherechedza, tarirai vana vake. Tarirai nzvimbo yake, kumusoro, onai kuti vangani vakauraiwa. Tarirai mubhuku revakaurairwa chitendero mugoona kuti vangani vakauraiwa ipapo. Muri kuona, hazvina kudaro.

200 Asi kungotaurawo hako kwevanhu, hakuzviite kuti zvive saizvozvo. Ndeizvo zvakataurwa naMwari akasimbisa, kuti iChokwadi. “Edzai zvinhu zvose. Batirirai kune zvakanaka.”

201 Zvino tinoona, iye zvino, pano mwedzi mishoma yapfuura, mamwe mangwanani, ndainge ndiri kufamba ndichibuda mumba, zvino chiratidzo chakauya.

202 Uye ndinopikisa munhu upi zvake ari pano, anoziva kuti makore ose aya, kutaura kuti pane ipi hayo nguva apo Ishe vakandiita kuti nditi “ZVANZI NAJEHOVHA” zvikatoitika. Vangani vanoziva kuti iChokwadi, simudza ruoko rwako. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvo. Pane angataura here zvinopesana nazvo? [Hama Branham vanomira zvisoma. Ungano yakanyarara.] Ichokwadi.

203 Musatarisa kumutumwa. Tarisai kuMharidzo zvairi. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvo zvazviri. Maona? Handizvo izvozvo. Musacherechedza muduku [Chibenga patepi.] ane mhanza, munoziva, munhu, nokuti anongori—anongori munhu, zvachose, uye tose takangofanana. Asi tarisai zviri kuitika. Ndizvo zvinovzivivisa. Ndakatorwa . . .

204 Zvino, ndinoziva kuti vanhu vanotaura zvinhu zvakasiyana-siyana, uye tinoziva kuti zvakanwanda zvacho handizvo. Handikwanise kupindurira izvo mumwe, upi munhu zvaanotaura. Ndinofanira kupindurira zvaninotaura. Ndinokwanisa bedzi kutaura kuti iChokwadi here, kana kuti kwete. Uye ndi—ndi—ndini ndinofanira kutakura mutoro wacho, kwete zvinotaurwa nemumwe munhu. Handina wandinogona kutonga. Handina kutumwa kuzotonga, asi kuparidza Mharidzo. Cherechedzai.

205 Ndanga ndiri kufanirwa kuva ne—nekufanoonekwa kweKereke. Zvino ndakatorwa nemumwe Munhu Uyo wandakanga ndisiri kuona, ndokubva ndamiswa, panenge, pakakwirira. Zvino ndakanzwa mumhanzi waitapirisa zvinodarika zvandakambonzwa. Zvino ndakatarisa, kuchiuya, boka remadzimai maduku, vainge, pakuratidzika, o, vane

makore anenge makumi maviri, gumi nemasere, makumi maviri. Uye vose vaiva nevhudzi refu, uye vainge vakapfeka hanzu dzakagadzirwa zvakasiyana-siyana, pamarudzi, emarokwe. Uye vainge vachifora zvainyatsofambirana, nemumhanzi uya, sezvazvaifanira kuva. Zvino vakabva nekuruboshwe rwangu, ndokufamba vachipota *neuko*. Ndakavatarisa. Zvino ndakatarisa kuti ndione Uyo aitura neni, uye hapana wandakaona.

²⁰⁶ Zvino ndakanzwa bhendi rero~~ck~~-and-roll richiuya. Zvino pandakatarisa kudivi rekurudyi kwangu, vachiuya *neuku*, vachidzoka, heanoi makereke emunyika achiuya. Uye zvimwe zve . . . Imwe neimwe yakatakura mureza wayo, wekwayakabva. Zvimwe zvezvinhu zvakashatisisa zvandati ndamboona muupenyu hwangu! Zvino kereke yemuAmerica payakauya, ndiyo yaive yakaipisira yandati ndamboona. Baba vari Kudenga ndivo Mutongi wangu. Vainge vakapfeka tumasiketi tupfumbu tunonyadzisa, seimwe yenzenza dzemubhawa, dzakashama kumusana, kumusoro kuno *uku*; vakabata chaita kunge chipepa chipfumbu; vachitamba zvokuzvonyongotsa chiuno; vakapenda; vhudzi pfupi, rakagerwa; vachiputa midzanga yefodya; uye vachizvonyongoka, apo vaifambirana nerock-and-roll.

Zvino ndakati, “Ndiyo here kereke ye United States?”

Zvino Izwi rakati, “Hongu, ndiyo.”

²⁰⁷ Zvino pavaikapfuura, vakatozoribata sezvizi, ndokuisa bepa shure kwavo pavainge vachipfuura.

²⁰⁸ Nda—ndakatanga kuchema. Nda—ndakangofunga, “Pakushingaira kwangu kwese, nezvose zvandakaita.” Pamwe nezvose izvo isu vashumiri takashanda pamwe chete . . . Uye, hama, ha—handizivi kuti munotenda zvakadini maererano nezviratidzo izvi; asi iChokwadi, kwandiri. Nguva dzose zvinoratidza kuti ichokwadi. Pandakazviona, uye ndichiziva zvakanga zvichiitika, moyo wangu wakanga woda kutsemuka mukati mangu. “Chii chandakaita? Ko ndakazvipotsa sei? Inga ndakanyatsogara neShoko, Ishe. Zvino ndaifanira kuzviita sei?”

²⁰⁹ Ndakafunga, “Ko Makandipireiko chiratidzo, nguva shoma yapfuura, ndokuzviona ndiriKo? Uye ndikati, ‘Saka, vachafanira kuzotongwawo here?’ Akati, ‘Neboka raPaurowo, zvakare.’ Ndikati, ‘Ndakaparidza Shoko rimwe chete raakaparidza.’” VeChristian Business Men vakanyora nezvenyaya yacho. Zvino ndikati, “Sei? Sei zvakadai?”

²¹⁰ Ndakaona boka riya rezvipfeve richipfuura saizvozvo, vose vakapfeka zvakadaro, uye vachinzi, “Kereke yaMuzvari U.S.A.” Ndakabva ndangofenda.

²¹¹ Zvino, mberi, ndakanzwa mumhanzi uya unotapira uchiuya zvakare, zvino heanoi Mwenga muduku uya mumwe chete achiuya nepo zvakare. Akati, “Uyu ndiye anobuda, nyangwe zvakadaro.” Zvino paAkafamba nepo, Akanga

akanyatsofanana neAkavapo pakutanga, achifambirana nemumhanzi weShoko raMwari, achifora paaidarika. Zvino pandakazviona, ndakamirapo ndakasimudza mawoko ari maviri, ndichichema, sezvizvi. Pandakabuda muchiratidzo, ndakanganda ndimire muvheranda rangu uko, ndakatarisa mberi mhiri kwemunda.

²¹² Chinyiko? Achange ari Mwenga mumwe chete, wemhando imwe chete, akagadzirwa nemhando imwe chete yezvakagadziriswa Wepakutanga. Zvino verengai Maraki 4 zvino muguona kana tisiri here kufanira kuva neMharidzo mumazuva okupedzisira, iyo ichazo “shandura moyo yevana kumadzibaba avo,” kudzokera kuMharidzo yepentecosti yepakutanga, Shoko neShoko. Hama, tave pano.

²¹³ Iye zvino, kereke iyi iri kufanirwa kuwana chiratidzo, uye chiratidzo chayo chokupedzisira. Tinoona kuti pano, mu—mu—muMagwaro, munoona zvino, munoona, marwadzo makuru ekuzvara arimo muzera rino reRaodhikia. Hazvifadze. Kereke yavo iri kubarwa patsvazve. Kwete. . .

²¹⁴ Hakuchazovazve nerimwe sangano. Munhu wose anoziva kuti nguva dzose panoenda mharidzo. . .Bvunzai vadzidzi venhoroono ava. Mushure mokunge mharidzo yaenda, sangano raizobuda kubva mairi; o, Alexander Campbell, nezvimwe zvose, Marteni Ruther, nezvimwe zvose. Vakagadzira sangano kubva mairi. Uye kazhinji mharidzo inogogara kwemakore anenge matatu bedzi, rumutsiriro. Rwuno rwavapo kwemakore gumi nemashanu, uye hapana sangano rakabuda kubva mairi. Sei? Chikwande ndicho chaive chokupedzisira. Tave kumagumo.

²¹⁵ Maona here marwadzo ekuzvara? Maona here pane dambudziko? Vanongori vashoma vachabuditswa. Vanongori vashoma vachabuditswa. Uye ndosaka ndiri kuchema, nekumanikidzwa, nokusaidzira, nokuisa padivi kufarirwa kwese nevanhu panyika, kuti ndiwane kufarirwa naMwari, uye ndichifambira mberi muShoko raKe.

²¹⁶ Ari mumarwadzo. Ndiri dambudziko racho. Ave kuzosununguka. Anofanira kutora sarudzo yake. Chinyorwa chave pamadziro. Tinoona kuti nyika yave pedyo nokuparara. Ndizvozvo. Uye tinoona kereke, yaora zvikuru, yave pedyo nokuparara. Uye marwadzo ekuzvara ave pairi yose, pane zvose nyika nekereke.

²¹⁷ Uye pane nyika itsva yave kuda kubarwa, neKereke itsva yave kubarwa, kuti iende kwairi, muMireniyamu. Tinozviziva izvozvo.

²¹⁸ Tarirai. Mwari vakamupa. . .Uye nyatsotererai kune izvi, ndozovhara. Chiratidzo chake chokupedzisira; Mharidzo yake yokupedzisira, chiratidzo chake chokupedzisira. Chiratidzo chake chokupedzisira, ndechokuti, anofanira kupinda muchinhano sechaaiva machiri pakutanga; nyika, kereke.

219 Tarirai muone zvazvaiva pakutanga, makore ose iwayo, vasina, kubva pana Maraki kusvika pana Jesu. Zvitarisei, makore ose aya zvino. Zvitarisei, zvose kumashure uko, huori hwavakapinda mahuri. Tarirai nyika, zvayaiva nahwo nguva dzose, semazuva aNowa, nevakadaro. Zvinofanira kuva mumufananidzo mumwe chete, uye tiri kuzviona. “Sezvazvaiva mumazuva aNowa.” Tiri kuona zvinhu zvose izvi zvichitora mufananidzo wacho.

220 Zvino, tinowana chiratidzo chokupedzisira. Muna Ruka, chitsauko 17, ndima ya 28, Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Nokuti, sezvazvaiva muSodhoma, munoono. Zvino, Jesu akaverenga Bhaibheri rimwe chete, Genesi imwe chete yatinoverenga. Zvino, nyatsotererai, musazvipotsa. Bhaibheri rimwe chete ratinoverenga, Jesu akariverenga. Uye Akati kuKereke yaKe, “Tarirai kumashure mugoona apo panodzoka mazuva eSodhoma zvakare,” vanhu vakatsveyama, varume vachirasikirwa nemasikirwo avo.

221 Onai hungochani, kuti hwave kuwanda huchitekeshera pasi rose, zvaive mubepanhau nguva shoma yapfuura. Dai waimbopinda muhofisi yangu ugoverenga tsamba dzinobva kuna vanaamai, nokuda kwevanakomana vavo. Hungochani huri kuwanda zvokuti, ndinofunga, nezviku makumi maviri kana matatu kubva muzana mu—muCalifornia, yoga, kudarika gore raperi. Boka guru re...revanhu kunyange vari muhurumende, vakaratidza kuti ingochani. Imi varume muri muhurumende munozviva. Magazini renyu, ndakariverenga, uye zvinhu zvakasiyana-siyana zvakaitika. Kana muka. . .

222 [Imwe hanzvadzi inotaura nendimi, ndokubva yapa dudziro. Hanzvadzi imweyo zvakare inotaurazve nendimi, uyewo zvakare ndokupa dudziro. Chibenga patepi—Mupepeti.]

223 Ndine kunzwisisa chaiko kweMagwaro. Ndizvo chaizvo zvakataurwa naMwari kuti zvichaitika. “Regai uyo anotaura nendimi zvakare anamate kuti agokwanisa kududzira.”

224 Ichokwadi. Ndakuudzai Chokwadi, zvino Mwari vari pano, vachiChisimbisa. Ichokwadi. Ichokwadi.

225 Zvino tarirai. Ndeipi Mharidzo iya yokupedzisira yakataurwa naJesu? “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma,” zvino tarirai, apo nyika yeVahedheni yakanga yave kuda kupiswa, nemoto. Zvino edzai kunzwisisa. Chii chakaitika? Paiva neboka revanhu, nhengo dzekereke dzaingodziya, saRoti neboka rake muSodhoma. Paiva nemumwe murume akanga akatobudamo. Akanga asimo imomo, kubvira pakutanga. Aive Abrahamu, uyo aive nevimbiso yemwanakomana akanga ari kuuya. Manzwisisa? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka.

226 Uye, zvino, nhongonya yekuparadzwa payakanga yave pedyo kusvika, Mwari vakazviratidza kuna Abrahamu muzvimiro

zvakaanda, asi panguva iyi vakaonekwa seMunhu. Vaive Munhu. Uye akauya kuna Mwari.

Zvino, munoti, “Akanga asiri Munhu.”

²²⁷ A—a—a—akanga ari Mwari muMunhu. Abrahamama akaMuti, “Elohim.” Akanga ari Munhu.

²²⁸ Zvino, tarirai, Akagara pasi, akafuratira tende, uye Iye ndokuti, “Aripiko Sara, mudzimai wako?”

Ndokuti, “Ari mutende, shure kweNyuu.”

²²⁹ Ndokuti, “Ndichakushanyirai panguva yeupenyu, yaNdakakuvimbisa.” Zvino Sara akaseka. Zvino Akati, “Ko Sara asekei?” Maona?

²³⁰ Zvino, ndizvo zvakanga zviru kuitika muzuva iroro. Kungoratidza chiratidzo chokupedzisira icho chakaonekwa naAbrahamama, boka reVasanangurwa rakabuda, kubva muSodhoma. Zvino, musapotsa mufananidzo uyu, pane zvipi zvamungaita. Boka rakanga rabuditswa, rakanga risiri muSodhoma, kubvira pakutanga.

²³¹ Asi dzimwe Ngirozi mbiri dzakaenda zasi muSodhoma. Zvino paDzakasvika zasi ikoko, tinoona Roti. Zvino Akamuwana ari muchinhano chokudzokera shure, kwese kuine ngochani nekutsveyama. Munoziva nyaya yacho.

Asi pane Imwe yakasara naAbrahamama, yaiva Elohim.

²³² Vakaparidza Shoko zasi ikoko. Kuparidzwa kweShoko kwakavapofomadza, zvokuti vakashaya mukova. Ndizvo zvazviru nhasi.

²³³ Asi Uyo akanga aine boka rakanga rakweverwa kunze, akaita chishamiso pamberi paAbrahamama, kuratidza kuti Aive Ani, uye aive naAbrahamama.

²³⁴ Akati, “Ko Sara asekei?” maererano nezvemwana uyu. Zvino Sara akauya ndokuti haana kuseka. Ndokuti, “Asika waseka.” Zvino Aigona kunge akamuuraya pakarepo dai akanga asiri chikamu chaAbrahamama.

²³⁵ Saizvozvo Mwari vaigona kunge vakatiuraya dai takanga tsiru chikamu chaKristu. Tsitsi dzaKristu ndidzo dzinotibatandisa pamwe chete, isu vapokani pamwe nekutsveyama muShoko.

²³⁶ Asi, cherechedzai, cherechedzai zvakaiteka. Jesu anotendeuka zvino, oti, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava mumazuva okupedzisira apo Mwanakomana wemunhu anotanga kuZvizarura.” [Chibenga patepi—Mupepeti.] Maona? “Mwanakomana wemunhu” nguva dzose, muBhaibheri, *muporofita*. Maona? Akauya ari mumaZita matatu ehumwanakomana: Mwanakomana wemunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidha. Maona? Uye Akadudza Zita raKe, “Mwanakomana wemunhu,”

nokuti ndiro basa raAiiita, remuporofita, muoni. Akati, “Mumazuva akaita semazuva aNowa, apo Mwanakomana wemunhu anotanga kuZvizarura, ndiyo ichava nguva yokuguma.”

²³⁷ Zvino ngatimbofungi, kweminiti. Nyika haisati yambowana mutumwa wenyika yose. Takava neyaFinney, yaSankey, yaMoody, yaFinney, Knox, Calvin, nevamwe vakadaro, pasi rose, vatumwa kukereke mumarwadzo aya ekuzvara. Asi hatina kumbobvira takava nemurume akabuda nemharidzo yepasi rose, kusvikira muzuva rino, aine zita rinoguma na h-a-m. A-b-r-a-h-a-m-a, anova mavara matanhatu. . . A-b-r-a-h-a-m-a [A-b-r-a-h-a-m muChirungu—Mukurikiri.] mavara manomwe.

²³⁸ Tine mumwe nhasi anonzi G-r-a-h-a-m, mavara matanhatu, uye nhamba yechitanhatu inhamba yenyika, zuva rokusikwa. Ko nyika yakambova riinhi nemunhu ari mairi zvino, achiparidza zasi mukosmos, zasi uko munyika, zasi uko achidanidzira kuvanhu, “Tendeukai, tendeukai! Pararai, kana kuti budai mairi,” kusvikira pachizvarwa chino? G-r-a-h-a-m, onai zvaari kuita, achiparidza Shoko, achipofomadza vari kunze, achidanidzira, “Budai kunze,” mutumwa wakabva kuna Mwari. Jesu wakati izvozvo zvichaitika apo Mwanakomana wemunhu achange oZvizarura. Zvino, izvozvo, zviri papi? Kunze uko muhurongwa hwekereke, nyika. Zvino vanobva vatanga kuvenga munhu uyu, nokuda kwaizvozvo.

²³⁹ Asi, rangarirai, paiva neboka, zvakare, raiva boka remweya, boka raJakobho, kwete—kwete boka raIsau. Pane boka raJakobho ranga riri kutarisira mwanakomana, rakanga risiri muBhabhironi, zvino vakagamuchira Mutumwa. Manzwisisa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Abrahama, A-b-r-a-h-a-m-a, vakagamuchira Mutumwa. Zvino Mutumwa uyu, chii chinhu chikuru, chinoshamisa chaAkaita, kuratidza kuti yakanga yave nguva yokupedzisira? Akanzvera pfungwa dzakanga dziri muhana yaSara.

²⁴⁰ Zvino Jesu, Mwanakomana waMwari, wakaitwa nyama, achiratidza kuti Mweya waMwari uchadzokazve muBoka duku rakasanangurwa renguva yokupedzisira, uye Achizozvizarura nenzira imwe chete. Marwadzo ekuzvara! O, hama, ndapota edza kunzwisisa. Edza zvakasimba. Zarurai moyo yenyu kweminiti. Tarirai kuna Kristu. Mwari mumwe chete iyeye ari pano zvino. Mumwe chete iyeye. Akavimbisa zvinhu izvi. Zvino kana Akazvivimbisa, Anokwanisa zvezvirokwazvo kuzviita.

²⁴¹ Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana. Ndiri kuda kuti mungofunga, zvakadzama.

²⁴² Baba, zvave mumaoko eNyu zvino. Ndaita zvose zvandakwanisa kuita. Ndinonamata kuti Mugobatsira vanhu kuti va—vanzwisise. Mbeu yadyarwa. Dirai mvura,

Mweya, pamusoro paYo, Ishe, nokuIdiridzira kuti Mugowana mbiri. Kana ndakanganisa, Ishe, ndanga ndisingadi kudaro. Ndinokumbira, Mwari, kuti—kuti MugoIdudzira zvakanaka, kumoyo yavo, kuitira kuti vagoona pamwe nekunzwisisa. Zviitei, Ishe. MuZita raJesu, ndanamata. Amenii.

²⁴³ Ishe vakuropafadzei. Ndinokudai. Mwari uyu waparidza Shoko rino, Mwari uyu ane basa neShoko rino. . . Ini ndine basa roga rokuRitaura. Iye ndiYe anozoRimutsa. Mwari mumwe chete ari pano.

²⁴⁴ Zvino, vangani mukati umo vane zvishuwo? Simudza ruoko rwako. Akavimbisa here kuita zvinhu izvi mumazuva okupedzisira? Zvino imi tarirai kwandiri. Zvino zvave kuita saPetro naJohane pavakati, “Titarise.” Sokunge. . . Maona? Akamutaurira. Zvino imi tarisai kuno. Iye zvino, ndapota chiregai kufamba-famba. Iyi yakanyanya. . . Ndiri—ndiri kuedza, nemoyo wangu wose uri mandiri. Chingovai munoremekedza zvikuru. Maona? Mumwe nomumwe wenyu, uri mweya, paunofamba. Saizvozvo, uri chinhu chimwe. Ndiri kuedza kubata kutenda kwevanhu.

²⁴⁵ Mumwe mudzimai muduku akapfuura nepo ndokubata hanzu yaKe, ndokuenda kunogara pasi. Jesu akamuudza kuti dambudziko rake raiva rei, uye ndokubva apodzwa.

²⁴⁶ Uye zvino Akavimbisa kuzviita zvakare, Mwanakomana wemunhu Achazvizarura sezvaAkaita paSodhoma. Nyika yave muchinhano ichocho. Kereke yave muchinhano ichocho. Zvino Mwari akachengeta here Shoko raKe? Moona kuti Akazviita here, kana kuti kwete. O, takava nezviratidzo, kusvetuka, kutaura nendimi, kuporofita, nezvimwe zvakadaro. Asi, mirai, pane chimwe chiratidzo. O, tine kutevedzera kwakawanda kwepanyama. Zvinongoita kuti chechokwadi chipenye. Dhora renhema rinongoita kuti rechokwadi ripenye.

²⁴⁷ Zino iwe namata. Tenda. Saizvozvo, ndi—ndinokupikisa kuti uzviite. Iwe tarisa, ugotenda zvandakutaurira. Vangani vanotenda kuti ichi iChokwadi? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Hazvina basa nokuti uri ani, uri kupi. Ndichango. . .

²⁴⁸ Munhu wose ari muno, sokuziva kwangu, handimuzivi zvachose, kunze kwaBill Dauch pamwe nemudzimai wake vagere neche apo, vandinoziva. Ndinofunga kuti ndinoziva muparidzi muduku uyu wekuGermany, agere apo. Uye, hama, pamwe nevanhu vaviri kana vatatu vagere neche apo.

²⁴⁹ Mumwe munhu seri mukati meungano, tarirai, kumashure-shure. Ndinokupikisai kuti mutende kuti zvandakutaurirai iChokwadi.

²⁵⁰ Ko paya pakauya Mutumwa waShe akadzika parwizi uko, makore makumi matatu ane matatu akapfuura, ndokutaura izvi? Ko ndakazviva sei?

251 Uye mufundisi wangu weBaptisti akandidzinga mukereke, ndokuti, “Wa—warota hope dzemadzikirira, Billy.”

252 Ndikati, “Madzikirira, haasi, Dr. Davis. Kana ari iwo imi, maonero amunoita, chitotorai henyu kadhi rangu rehuhengo.”

253 Ndakanga ndichiziva kuti panenge paine mumwe munhu, pane imwe nzvimbo, anoZvitenda. Mwari havatumiri Mharidzo kunze kwekunge paine vamwe vanoIgamuchira.

254 O, zvirokwazvo, pandakaenda ndichinamatira varwere, zvakange zvakanaka. Asi pandakatanga kukutaurirai Chokwadi cheShoko, zvino zvakabva zvasiyana. Munofanira kunge muchiziva. Mharidzo yose ndizvo zwayakaita.

255 Jesu aive wakanaka paAienda mukereke achipodza vanhu, nezvimwe zvole. Asi paAkagara pasi rimwe zuva, zvino ndokuti, “Ini naBaba vaNgu tiri chinhu chimwe,” o, izvozvo, ndizvo zvakazvitanga. “Kunze kwekunge madya nyama yeMwanakomana wemunhu, pamwe nokunwa Ropa raKe, hauna Upenyu mauri.” Haana kuZvitsanangura. Aida kuona kuti ndiani aizomira naYe. Ndizvo.

256 Munofungei, u—ungano ine vanachiremba nezvimwe, voti, “Murume yu aka . . . Sei, Ndimusvetaropa. Kudya nyama yaKe nokunwa Ropa raKe?” Haana kumboZvitsanangura. Haana kumbozvitsanangura.

257 Asi, zvakadaro, Shoko iroro rakanga rakabatirira, kuvaapostori ava. Havana kuita hany’n’a nazvo. Havana kuZvinzwisisa. VakaZvitenda, zvakadaro. Maona? Vaiziva, nokuti vakanga vaona mabasa aMwari, uye vakaziva kuti ndiwo. Akati, “Ndiwo anoNdipupurira.”

258 Heunoi murume, mudzimai agere ipo pano, akasimudza ruoko rwake. Zvino, unogona kundidana kuti mupengo, kana uchida hako; asi Shongwe yeMoto imwe chete, yakatungamirira vana vaIsraeri nemurenje, inyatsori pamusoro pemudzimai uyo.

259 Zvino, rangarirai, Jesu akati, “Nenguva shoma nyika haizoNdioni, asi imi muchaNdiona. Ndakabva kuna Mwari. Ndinoenda kuna Mwari,” mushure mokufa, nekuvingwa kwaKe. Akaudza maJudha. Akati, “Ini . . .”

260 Ndiye aive Ibwe raive murenje. Ndiye aive Shongwe iya yeMoto, “NDIRI WANDIRI.” Ndiani aive “NDIRI”? Shongwe yeMoto iya yaiva mugwenzi raibvira. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Uye Akaitwa nyama akagara pakati pedu. Ndokuti, “Ndakabva kuna Mwari, uye ndinodzokera kuna Mwari, kuitira kuti ndigodzoka muchimiro cheMweya Mutsvene.”

261 Uye heunoi Uyu, anesu nhasi, mifananidzo yesainzi yaChakatorwa. Heunoi Ari pano, kusimbisa zvinodarika mufananidzo wesainzi, nechipi hacho. Ari pano, kuzviratidza,

nokuti ndiYe. “Ini Mwanakomana wemunhu ndichazarurwa muzuva rino.” Zvino, heUnoi uyo. NdakanyatsoChitarisa.

²⁶² Munoti, “Muri kuChiona here?” Johane akaChionawo, zvakare, asi vamwe vose havana.

²⁶³ Tarirai, kuzviratidza zvino. Mudzimai uyo handimuzivi. Handisati ndambomu—muona, muupenyu hwangu. Asi ane chimwe chinhu chakakanganisika pane rimwe remakumbo ake zviri izvo zvaari kunamatira. Ndi . . . Ndizvoka, mudzimai. Wakamborioparetwa. Uyo murume wako agere pedyo newe. Haugare muno. Unobva kuCalifornia. Zita rako unonzi Roland. Dambudziko rako remudumbu raperawo, zvakare, changamire. Wanga uchirwara nemudumbu. Wanga usiri here? Zvakanaka, zvose zvapera. Gumbo rako rapodzwa.

“Nezuva iro Mwanakomana wemunhu . . .”

²⁶⁴ Pano, akagara kumashure uko *pano*, pane murume. Murume wechitema, pane chisina kuita zvakanaka nemaziso ake. Iye ndi . . . Hongu. Iye, basa raanoita, pane zvaanoita nemotokari, anoporisha motokari, muisi wemushonga wekuporisha. Ndizvo. Maziso ako ave kuipa. Uchangotenda, hauna here? Chimwe chinhu chinoshamisa chaitika kwauri. Zita rako rokutanga ndiFred. Ndizvozvo. Zita rako rokupedzisira ndiConn. Ndizvozvo. Unotenda here zvino? Maziso ako haachazokunetsazve. Handina kumboona murume uyu muupenyu hwangu.

²⁶⁵ Murume ari shure seri uko, haagare kuno, zvakarewo. Anobva kuCalifornia. Ane musana unorwadza, VaOwens. Ndimi. Ishe Jesu vanokupodzai. Handina kumboona murume uyu, muupenyu hwangu, hapana chandanga ndichiziva nezvake. Ndiri kungotevera Chiedza icho kwaChinoenda.

²⁶⁶ “Kana mukakwanisa kutenda, zvinhu zvose zvinogeneka kune vanotenda.”

²⁶⁷ Muchinda muduku agere pano, ane heniya, akapfeka magirazi nesutu pfumbu. Fred, Mwari vakupodza kana ukazvitenda. Uchazvigamuchira here? Zvakanaka. Handina kumbomuona, muupenyu hwangu.

²⁶⁸ Mai Holden, mugere neche apo kubva paari, muri kurwara nedambudziko remaziso. Mudzimai wacho handimuzivi, handina kumbomuona muupenyu hwangu, asi ichokwadi. Maona? “Kana mukagona kutenda.”

²⁶⁹ Uri kuchemei, hanzvadzi? Une dambudziko rekuhuta-huta, gosoro, dambudziko remoyo. Unotenda here kuti Mwari vachakupodza? Iwe ugere pamucheto wechigarro. Kana ukatenda, nemoyo wako wose, Jesu Kristu achakupodza. Kuhuta-huta kwese kuchabva pauri, wave kunzwa sokunge wadzokera pakunzwa zvakanaka. Dhiyabhorosi ari kukunyepera. Unozvigamuchira here? Zvino simudza ruoko

rwako, uti, “Ndinozvigamuchira, saizvozvo.” Zvakanaka. Zvapera.

²⁷⁰ Chii? Kereke ino iri kupfuura nemumarwadzo ekuzvara. Haungatore sarudzo yako zvino here muHupo hwaKe? Ndakuratidzai Shoko chairu, izvo zvaAkati Aizoita.

²⁷¹ Ukapfuura nemuimba ino yose, bvunza ani zvake akambonzverwa, kana akambotaurwa naye, kana zvingavei, ugoona kana ndakambovaona, ndakambovaziva, kana chipi zvacho nezvavo. Munofunga kuti munhu angaita izvozvo here? Hazvibviri zvachose kuti zvakadaro zviitike.

²⁷² Saka, Chii? Mwanakomana wemunhu. “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nemativi maviri, richinzvera mweya, zvakavanzika zvemoyo.” Chaizvo sezvaRaive paRakaitwa nyama pano pasi, muMwanakomana waMwari, iye zvino Riri kuzarurwa neMwanakomana waMwari paAri kuuya kuzodana Mwenga kubva muhurongwa uhu. “Budai mazviri. Ivai makapatsanurwa, ndizvo zvinotaura Mwari. Musabate zvinhu zvavo zvakasviba, zvino Mwari vanokugamuchirai.”

²⁷³ Wakagadzirira here kupira upenyu hwako hwose kuna Mwari? Kana wakadaro, simuka netsoka dzako, uti, “Ndichazviita, nyenya dzaMwari, ndoZvigamuchira iko zvino, nezvose zviri mandiri.”

²⁷⁴ Hareruya! Mwari ngaarumbidzwe! UnoMutenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino chingosimudza maoko ako unamate pamwe neni.

²⁷⁵ Reurura kukanganisa kwako. Marwadzo ekuzvara! Zvakaoma kufa, asi ifa iko zvino. Ifa, buda kubva mukusatenda kwako. Buda kubva makuri. Iri iShoko raMwari riri kuratidzwa, sezvaRaive apo Jesu akauya panyika. NdiJesu Kristu zvakare pakati penyu, achiratidzwa.

²⁷⁶ Abrahama akagamuchira mwanakomana pakarepo, mwanakomana akavimbiswa, mushure mokunge izvi zvaitika.

²⁷⁷ Zvino Jesu ari kuuya zvakare. Uyu Mweya waKe. Ave pedyosa kunyika, pedyosa zvokuuya, zvokuti Atogadzirira kukugamuchira, kana iwe wakagadzirira kuMugamuchira.

Iye zvino simudzai maoko enyu munamate neni.

²⁷⁸ Ishe Mwari, itai kuti vaprisita vose vabatirire kumaartari. Itai kuti vanhu vacheme. Dai Shongwe yeMoto neShongwe yeGore zvafamba pakati pevanhu nhasi zviadzikamisa, Ishe, kuti vacherechedze Hupo hwaMwari mupenyu ane masimba. Zviitei, Ishe. Vagamuchirei. Ndinonamatira mumwe nomumwe wavo munamoto uno, nemuZita raJesu Kristu.

²⁷⁹ Zadzai mumwe nomumwe noMweya Mutsvene, uyo asina Mweya Mutsvene. Ishe, dai rumutsiriro rwembuserere ino, musangano uno, rwatotanga iye zvino mukudururwa kukuru,

kune simba kweMweya Mutsvene. Dai vanorwara vapodzwa, mapofu aona, zvirema zvafamba. Dai kuratidzwa kwaMwari mupenyu kwaunzwa muhupo hwevanhu, sezvazvanga zviri masikati ano, uye dai vanhu vazvigamuchira. NemuZita raJesu Kristu, ndakumbira.

²⁸⁰ Simudzai maoko enyu zvino muMupe kurumbidzwa, uye mugamuchire zvamakumbira.



MARWADZO EKUZVARA SHO65-0124
(Birth Pains)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo masakati, 24 Ndira, 1965, pakonivenisheni yeFull Gospel Business Men's Fellowship International paRamada Inn muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org